ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№39 (24.009) ● 2020 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 4, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## УФ-м и Президент Путин Владимир Урысейм и цIыхухэм зэрызахуигъазэр



Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Урысейм и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

И кIэм нэблэгъащ мылэжьэгъуэ тхьэмахуэу Урысейм щыдгъэувауэ щытар. Мы махуэхэми щхьэкъэIэтыпIэ ямыIэу мэлажьэ дохутырхэр, медсестрахэр, медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэ псори.

Иджыпсту абыхэм ящыщ дэтхэнэм и дежкIи зэман гугъущ. Ахэращ цIыхухэм къебгъэрыкIуэ эпидемием сымаджэщхэмрэ инфекционнэ къудамэхэмрэ щыпэщIэтыр: узыр къызыпкърыхьахэр ягъэхъуж, цIыхухэр къргъэл, цIыхухэм инфекцэр къамыубыдыным яужь итщ. Шэч къытесхьэркъым, медицинэ лэжьакIуэхэм фIыщIэ зэрахуэсщIыр къэралым и цIыху псоми къызэрыздаIыгъынум.

Я къалэн ягъэзащIэ нэгъуэщI IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэми - къэралымрэ жылагъуэмрэ я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэхэм пэрытхэм. Абыхэми си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ.

Апхуэдэу фыпсэу яжызоIэ волонтёрхэм, езыхэм я жэрдэмкIэ къыдэкIауэ цIыхухэм ядэIэпыкъухэм, гууз-лыуз зиIэхэм, къэрал унафэщIхэмрэ дохутырхэмрэ эпидемием пэщIэтыным теухуа я чэнджэщхэр зыгъэзащIэхэм, я щхьэми гулъытэ хуащIрэ я Iыхьлыхэми яхуэсакъхэм.

Мылэжьэгъуэ тхьэмахуэ къэрал псом зэрыщыдгъэувам, апхуэдэуи дэтхэнэри унэм къыщIэмыкIыу щIэсын зэрыхуейм и хабзэхэм къэралым и щIыналъэхэм я нэхъыбапIэм зэрыщытетым дэ Iэмал къыдитащ узыфэм зыхуэгъэхьэзырынымкIэ, властым и орган псори а лэжьыгъэм къыхузэщIэдгъэуIуэнымкIэ, узыншагъэр хъумэн IэнатIэр зыхуеинухэмкIэ къызэдгъэпэщынымкIэ икIи узыфэм нэхъ лъэщу пэщIэтынымкIэ дэ къэдгъуэта хэкIыпIэхэри, нэгъуэщI къэралхэм я лэжьэкIэри зэдгъэуIуащ.

Мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэу къызолъытэ мыри: зи ныбжь хэкIуэтахэр а узыфэм щытхъумэн, сабий садхэмрэ школхэмрэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэныгъэ щызрагъэгъуэт нэгъуэщI IуэхущIапIэхэмрэ вирусым зыщедмыгъэужьын тхузэфIокI.

Шэч хэмылъу, мыбдеж упщIэ къыщоув: сыт адэкIэ тщIэн хуейр, сыт хуэдэ унафэ адэкIэ къыкIэлъыкIуэнур? Къыхэзгъэщынщи, унафэ къыщытщтэкIэ, къыдгурыIуэн хуейщ, шынагъуэр иджыри зэрытщхьэщымыкIар. IэщIагъэлI-вирусологхэм къызэралъытэмкIэ, дуней псор иджыри ебэкъуакъым а узыфэм и лъагапIэм, нэхъыбэ дыдэу иубыдынкIэ хъунухэм я бжыгъэм. Апхуэдэ щытыкIэ щыщыIэщ ди къэралми.

Абы къыхэкIыу сэ унафэ къэсщтащ мылэжьэгъуэ махуэхэм мазэр икIыхукIэ къыпысщэну, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, мэлыжьыхьым и 30-ри хыхьэу а пIалъэр згъэIэпхъуэну. Къыхэзгъэщынщи, лэжьакIуэхэм я улахуэри дымыубыду.

ЩытыкIэм зехъуэж икIи щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, уеблэмэ абыхэм я жылэ щхьэхуэхэм Iуэхур зэрыщекIуэкIыр зэтехуэркъым. Дэ ди къэралыр инщ, ин дыдэщ, щIыналъэхэм цIыхуу щыпсэухэм я бжыгъэри зэщхьэщокI. Федерацэм хыхьэ щIыналъэхэм яхэтщ коронавирусым цIыхухэр игъэгузавэу зыщиубгъуахэр, псалъэм папщIэ, Москва хуэдэу. Федеральнэ, къалэ унафэщIхэм, сыт хуэдэ Iэмалхэм хуемыкIуэми, мыбы иджыкIэ щахузэфIэкIакъым узыфэм зэрызиубгъу псынщIагъыр къызэтрагъэувыIэн. Ауэ, тхьэм и шыкуркIэ, щыIэщ узыфэр зылъэмыIэса щIыналъэхэри. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ахэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу.

Абы къыхэкIыу зы щIыпIэхэм мардэ ткIий дыдэхэм щытетын хуей мэхъу, нэгъуэщIхэм, узыфэм зиубгъумэ, абы хуэхьэзырми, щытыкIэм къызэригъэувым тету Iуэхум кIэлъыплъми зэфIокI. А псори Iуэхум къыхэлъытэн хуейщ.

Абы къыхэкIыу къэралым и щIыналъэхэм я унафэщIхэм си УнафэкIэ хущIыдгъунущ я хуитыныгъэхэм. Мы тхьэмахуэм и кIэ пщIондэ абыхэм ягъэбелджылын хуейщ езыхэм я щIыналъэхэм узыфэм пэщIэтыным, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным хуэунэтIауэ щызэфIагъэкIыпхъэхэр, экономикэмрэ инфраструктурэмрэ зэтегъэпсыхьауэ щытынымкIэ зыхуэфащэ къалэнхэри зэхалъхьапхъэщ.

Къытезгъэзэжынщи, щIыналъэхэм езыхэм я деж щыщыIэ щытыкIэм теухуауэ унафэ къащтэжынущ, Президентым и Указым ипкъ иткIэ езыхэм я деж щагъэувыну мардэхэм, сыт хуэдэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIэнуми, сыт хуэдэхэр лажьэ хъунуми езыхэм яубзыхужынущ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным теухуа хабзэхэм тету.

ЩIызгъужынщи, нэхъапэми хуэдэу, лэжьэнущ къэрал властым и органхэр, къызэтебгъэувыIэ мыхъуну IэнатIэхэр, медицинэ IуэхущIапIэхэмрэ хущхъуэ щапIэхэмрэ, цIыхур махуэ къэс зыхуэныкъуэ хъухэмкIэ сату зыщI тыкуэнхэр, псэукIэр къызэзыгъэпэщ нэгъуэщI къудамэхэри.

Мыбдежым, апхуэдэ IуэхущIапIэхэм, егъэджэныгъэ, щIэныгъэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр къыщызэтегъэувыIэн хуей щытыкIэ къэхъумэ, щIыналъэхэм я унафэхэм къэралым и Правительствэр арэзы техъуэн хуей хъунущ.

Нобэ икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ властым и IэнатIэ псори зэдэлэжьэным: федеральнэ, щIыналъэ, муниципальнэ къудамэхэр. Абы къыхэкIыу си полномочнэ лIыкIуэу федеральнэ округхэм щыIэхэм я пщэ ислъхьащ щIыналъэхэм а лэжьыгъэр я нэIэ щIагъэтыну. ЩIыпIэхэм щыIэ щытыкIэр зыхуэдэм теухуа хъыбархэр Урысей Федерацэм и Правительствэм деж коронавирусым пэщIэтынымкIэ Iуэхухэр зэкIэлъигъэкIуэну къыщызэрагъэпэща Зэзыгъэуlу советым къыIэрыхьэу щытын хуейщ, абы щыхэплъэу, унафэхэр къыщащтэкIэ ахэр къалъытэу.

Шэч хэмылъу, щIыналъэ унафэщIхэм я лэжьыгъэр Iэмал имыIэу ирагъэзэгъыпхъэщ санитар-эпидемиологие къулыкъущIапIэхэр зытет пщалъэхэм. Мыбдежым щынэхъыщхьэ дыдэр Урысейм и цIыхухэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэщ.

ЩытыкIэм зэрызихъуэжым елъытауэ, унафэ щхьэхуэхэри къэтщтэнущ икIи апхуэдэ Iэмал щыIэ хъумэ, мылэжьэгъуэ махуэу къэдгъэлъэгъуахэр дгъэмэщIэжынкIэ хъунщ.

Иджыри жысIэну, къыхэзгъэщыну сызыхуейр. Эпидемием пэщIэтыным хуэунэтIа Iуэхухэр зэфIэдгъэкIкIэрэ, дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, апхуэдэ дыдэу мыхьэнэшхуэ зэриIэр цIыхухэм лэжьапIэ IэнатIэхэр яфIэмыкIуэдынымрэ я хэхъуэхэр нэхъ мащIэ мыхъунымрэ. Абы зэхуэдэу гулъытэ хэха хуащIыпхъэщ Правительствэми, щIыналъэхэми, бизнес IэнатIэми. Экономикэ зэтеухуар и лъабжьэу щытыпхъэщ ди къалэн нэхъыщхьэхэр дгъэзэщIэным, абы узыншагъэр хъумэнри хэту.

Урысейм и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Сыныволъэlу властым, дохутырхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ къагъэув чэнджэщхэм фытетыну, фи щхьэри фи Iыхьлыхэри фхъумэну.

Мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэу, уеблэмэ цIыху гъащIэ щелъытаи къэхъуу, щытщ тхэлъ жэуаплыныгъэмрэ зым адрейм зыщIигъэкъуэнымрэ. Мы тхьэмахуэми къигъэлъэгъуащ дэ, щытыкIэм и гугъуагъыр нэсу зыхэтщIэмэ, абы къишэнкIэ хъуну гузэвэгъуэр зэрытхуэгъэмащIэр. Шэч къытесхьэркъым дэ адэкIи дызэгурыIуэу, дызэкъуэту Iуэхум яужь дызэритынум. Нэхъыщхьэращи - къэхъункIэ хъунум япэ дищу.

ФIыщIэ фхузощI. Узыншэу фыщыт.

## КIуэкIуэ Казбек къигъэуващ коронавирус уз зэрыцIалэм пэщIэт медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм хущIагъуну

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэ щхьэхуэхэм, коронавирус уз зэрыцIалэм пэщIэт гупхэм хэтхэм, я лэжьапщIэм хухэгъэхъуэным теухуа унафэ къиштащ.**

ЩIЫНАЛЪЭМ и УнафэщIым къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ, СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ япэщIэтынымкIэ республикэ Центрым и дохутырхэмрэ медицинэ лэжьакIуэхэмрэ, COVID-19-р зыпкърыту къахутахэм е ар зэуэлIауэ шэч зыхуащIхэм, апхуэдэуи коронавирусыкIэ езыхэри къацIэлэнкIэ шынагъуэу, узым зэрызыщахъумэ фащэ хэхахэр ящыгъыу биологическэ материалхэм елэжьхэм я улахуэм сом мин 20-м къыщыщIэдзауэ 50-м нэс мазэ къэс хущIагъунущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Гу зылъытапхъэ

## Экзаменхэр щатыну пIалъэри ягъэIэпхъуэ

**Къэрал IуэхущIапIэ куэдым я лэжьэкIэ мардэхэр зэрахъуэкIын хуей хъуащ коронавирусым и зэранкIэ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и курыт школхэм илъэс къэс щрагъэкIуэкI къэпщытэныгъэхэри ягъэIэпхъуэн хуей хъуащ мы гъэм: 11-нэ классхэм ят ЕГЭ-м щыщIадзэнур мэкъуауэгъуэм и 8-рщ (дызэса накъыгъэм и 25-м и пIэкIэ), 9-нэ классыр къэзыуххэм экзаменхэр щатынур мэкъуауэгъуэм и 9-м щегъэжьауэщ. Апхуэдэ унафэ къызэращтар хэIущIыIу ищIащ къэралым егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей, щIыналъэхэм цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ я министрхэм иджыблагъэ щаIущIам.

- Сыт хуэдэ гугъуехь къыкъуэмыкIами, дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым ди щIэблэм щIэныгъэ ядгъэгъуэтын зэрыхуейр, - къыхигъэщащ Кравцовым.

Апхуэдэу министрым жиIащ зи адэ-анэр IэмалыншагъэкIэ лэжьэн хуей хъу сабийхэм папщIэ гуп щхьэхуэхэр садхэм къызэрыщызэрагъэпэщыр. Къэралым и IуэхущIапIэ псори зэхуэпщIу лэжьакIуэхэр зэбгрыбутIыпщыкI зэрымыхъунур гурыIуэгъуэщ - цIыхур псэун папщIэ махуэ къэс зыхуей хъухэр къызэзыгъэпэщхэм я къалэнхэр ямыгъэзащIэу хъунукъым.

- Президентым и Указым къыщыгъэлъэгъуащ лэжьэну IуэхущIапIэхэр дэтхэнэхэрами. Аращи, абыхэм IэнатIэ щыпэрытыну IэщIагъэлIхэм я сабийхэм щакIэлъыплъыну садхэри щыIэн хуейщ, - жиIащ абы теухуауэ Кравцовым. - ЩIыналъэхэм щыIэ министерствэхэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыпхъэщ абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэр зэрызэтеухуам, зи IэнатIэм къыпэрыкI мыхъу адэ-анэхэм я сабийхэр зыхъуей хуагъэзэнуи я къалэнщ. УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ тетынущ щIыналъэхэм а унафэр зэрыщагъэзащIэм. КъимыдэкIэ, къыдгуроIуэ ныбжьыщIэхэр унэм щебгъэджэну зэрыгугъури, ауэ абыи дытеплъэкъукI хъунукъым. Курыт еджапIэхэм ахэр щызэхуэпшэсыныр иджыпсту дзыхьщIыгъуэджэщи, я унэхэм щIэсу щIэныгъэ программэр еттынущ, сыту жыпIэмэ ди дежкIэ нэхъыщхьэр сабийхэм я узыншагъэрщ.

● КъБР-м и Парламентым



## КъБР-м щыIэ МВД-м илъэс кIуам зэфIигъэкIахэм щыхоплъэж

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэхыхьэр. ЦIыху куэд зыхэт зэхуэсхэр щрагъэкIуэкIкIэ мы зэманым къигъэув хабзэхэм тету къызэрагъэпэщат зэIущIэр.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцIалэр (2019-пСоУ) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкIэ хабзэр щыгъэувыным икIи абы земыгъэубгъунымкIэ зи чэзу Iуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №19-УГ-м щыубзыхуахэм япкъ иткIэ, зэхыхьэм къекIуэлIахэм япэщIыкIэ я температурэр къапщащ, я Iэхэр дезинфекцэ ирагъэщIащ. Абы нэмыщI депутатхэмрэ зэIущIэм кърагъэблэгъахэмрэ нэкIупхъуэхэмрэ инфекцэм зэрызыщахъумэ салфеткэхэмрэ иратащ. ЗэIущIэм хэтхэр мардэм тету зэпэжыжьэу ягъэтIысащ, зэуэ зы пэшым цIыху 50 нэхърэ нэхъыбэ щIэс зэрымыхъунум тещIыхьауэ.

Къызэгъэпэщыныгъэ Iуэху зыбжанэм унафэ тращIыхьри, депутатхэр яужь ихьащ махуэм зыхэплъэну Iуэхухэм тепсэлъыхьыным. ЗэIущIэм хэтхэм республикэ закон зыбжанэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ, Урысейм и МВД-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэмрэ 2019 гъэм зэфIагъэкIахэм, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу республикэм щыIэм а пIалъэм къриубыдэу илэжьахэм теухуа отчетхэм едэIуащ.

### Къулыкъухэр

Къулыкъум зэрагъэувым теухуа Iуэхухэм хэплъащ. Налшык суд район №8-м и зэзыгъэкIуж судыщIэу ягъэуващ Кулиевэ Марьям.

«КПРФ» фракцэм къыхилъхьэри, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIу ягъэуващ Къумал Заурбэч.

### Законхэм хоплъэ

«КъБР-м псэупIэ IэнатIэм зэхущытыкIэхэр щызэкIэлъыгъэкIуэным и IуэхукIэ», «КъБР-м фэтэр куэду зэхэт унэхэм щыпсэухэм я мылъку зэхэлъу щытыр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и законхэм я статья щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Ахэр ехьэлIащ ущыпсэу хъуну пэшхэр ущыпсэу мыхъунухэм хуэгъэкIуэныр зэрекIуэкIыр муниципальнэ кIэлъыплъыныгъэм щIэтыным, апхуэдэуи цIыхухэм я мылъку зэхэлъу щыт унэр къызыхуэтыншэу зыхуей зэрыхуагъазэр тэмэму къэпщытэным. Абы ипкъ иткIэ, лэжьыгъэу зэфIагъэкIахэр къэпщытэныр зи пщэ дэлъ гупым хэтхэр нэхъыбэ ящIащ. Абы теухуа законопроектыр къеджэгъуитIкIэ къащтащ.

Депутатхэр, къеджэгъуитIу хэплъэри, арэзы техъуащ «Республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ «Мелиорацэм теухуауэ», «ЩIы щIагъым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэм ятеухуауэ», «КъБР-м дыкъэзыухъуреихь дунейр хъума зэрыщыхъу щIыкIэм теухуауэ», «Ветеринарием теухуауэ» КъБР-м и законхэм. ЗэхъуэкIыныгъэхэр ехьэлIащ щIыщIагъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ къэгъэсэбэпынымрэ теухуауэ КъБР-м и къэрал властым и органхэм яIэ хуитыныгъэхэм, абы ехьэлIа положенэ гуэрхэр гъэтэмэмыжыным, федеральнэ законхэм щыубзыхуахэм зэрытемыхуэм къыхэкIыу языныкъуэхэм къару ямыIэжу къэлъытэным.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

## Дунейпсо Адыгэ Хасэм коронавирус уз зэрыцIалэм зэрызиубгъум теухуауэ цIыхухэм зэрызахуигъазэр

ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъухэ!

Нобэ цIыхубэр хэтщ лъэхъэнэ къызэрымыкIуэ, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар коронавирус узым дунейм зэрызыщиубгъуарщ. НаIуэ хъуащ ар дэтхэнэ зыми къылъэIэсынкIэ зэрыхъунур - жьыми щIэми. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ хъыбар гуауэ къытлъэIэсащ - дунейм ехыжащ ди лъэпкъэгъу, медицинэ лэжьакIуэ щIалэхэр. Ахэр Германием щыщ дохутыр Сейф Аль-Шаркасирэ Тыркум щыщ медсестра Дилекрэщ. Ди гум къыбгъэдэкIыу дахуогузавэ абыхэм я Iыхьлыхэм.

Эпидемием цIыхухэр щыхъумэным теухуа Iуэхухэр къыщызэрагъэпэщ дунейм и къэрал псоми. Апхуэдэу щытми, дэ тщыщ дэтхэнэми зыхищIэн хуейщ езым и гъащIэм и мызакъуэу, и Iыхьлыхэми, зыхэтхэми я гъащIэхэмкIи жэуап зэрихьыр.

Дэ Алыхьым долъэIу сымаджэхэр игъэхъужыну, дуней псом эпидемиер щигъэужьыхыжыну. Псори къыхудоджэ зэпIэзэрыту щытыну, зыр адрейм хуэгумащIэу зэхущытыну, зэхуэсакъыну.

Дыхуейщ псори узыншэну, мамыру, сыткIи зыхуей хуэзэу псэуну, гузэвэгъуэм къытпикIухьыну. Дызэгъусэу дэ гугъуехьхэм дапэлъэщынщ икIи мыгувэу дызэкIэлъыкIуэуи дыхъужынщ.

Фи щхьэри фи благъэхэри фхъумэж!

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ**I**акIуэ гупым къабгъэдэкIыу СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий.**

● Израиль





## Уз бзаджэм пэщIоувэ

**Коронавирус здэщыIэ къэрал псоми я дохутырхэм зы Iуэху здрагъэжьауэ интернетым къыщокIуэкI. ЦIыху нэхъ мащIэ зэхыхьэху, эпидемиери нэхъ лъэрымыхьу екIуэкIынущ. Абы ипкъ иткIэ, нобэ вирусым пэщIэт дохутырхэм цIыхухэр унэм щIэсыну къыхураджэ. «Дэ фэр папщIэ долажьэ. Фэри дэ щхьэкIэ унэм фыщIэс» зытетха тхылъымпIэ напэхэр зыIыгъ дохутырхэм я сурэт дэнэ къэрали щыкуэдщ. Ар къезыгъэжьар Италием щыщ дохутырхэращ, ауэ щIыпIэ куэдым щызэбгрыкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ дохутырхэри абыхэм ящыщщ.**

АУЭ ИЗРАИЛЫМ къикIыу къытIэрыхьа апхуэдэ сурэтхэр адрейхэм къащхьэщокI зи гугъу тщIы къыхуеджэныгъэр адыгэбзэкIэ тхауэ зэраIыгъымкIэ. Нобэ уз бзаджэм дуней псом щыпэщIэт дохутырхэм яхэтщ хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэри. КъищынэмыщIауэ, жэуаплыныгъэрэ гугъуехь нэхъыбэрэ зи пщэ къыдэхуа дохутырхэм гулъытэкIэ, шхынкIэ защIэзыгъэкъуахэм ящыщщ Кфар-Камэ (Израиль) дэс ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ. Ахэри итщ дэ дыкъызэрыхута щытыкIэм, Iэмал зэриIэкIэ унэм къыщIэкIыркъым, къуажэ курыт школыр дистанционнэ егъэджэныгъэм хуэкIуащ. Кфар-Камэ къуажэ администрацэм и унафэщI Нэпсо Закарие къуажэдэсхэм захуигъэзащ унэм къимыкIынхэу. «Дуней псор зэщIэзыцIэла узыр къыдэмыуэлIэн папщIэ IэщIагъэлIхэм жаIэр дывгъащIэ, абыхэм къытхуагъэув къалэнхэр зэрыдгъэзэщIэным иужь дивгъэт. Фэ зэрыфлъагъущи, коронавирусым иубыдыр цIыху Iувхэм яхыхьэхэрщ, цIыху зэблэкIыпIэхэм къыщыхутэхэрщ. Адрейхэм къащыщIар къытщымыщIын папщIэ дызыкIэлъывгъэплъыж. Тхьэм и фIыщIэкIэ зэкIэ вирусыр къызыпкърыхьа къытхэткъым», - жеIэ Закарие.

Мы къуажэм хуабжьу гъэщIэгъуэну щызэтеублащ псэукIэ тыншым ехьэлIа хабзэхэр. Сыт хуэдэ унагъуэми и щыщIэныгъэри гуныкъуэгъуэри къуажэ тхьэмадэм ещIэ, хэт сыт хуэдэ гугъуехь къылъыкъуэкIами, абы и телефоным тет приложениемкIэ елъагъуф. Апхуэдэу зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщащ карантиныр. Пщэддджыжьым къыщыщIэдзауэ сыхьэт 23-рэ хъуху хэт сыт хуейми хуещIэ къуажэ администрацэм. «Фи унэм фыкъимыкI, фыкъэпсалъи фызыхуейр къыджефIэ къудей», - захуегъазэ абыхэм Нэпсо Закарие. Ныбжь зиIэхэмрэ сабийхэмрэ уэрамым къыдамыгъэхьэну цIыхухэм чэнджэщ ярет, дуней псом щекIуэкI хьэлэбэлыкъыр я къуажэ нэмысыну Тхьэм йолъэIу.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

● Электрокъарухэр

## Сом мелуани 150-м щIигъу хелъхьэ

**«Россети Северный Кавказ» компанием Къэбэрдей-Балъкъэрым Iуэхугъуэшхуэ къыщрихьэжьащ - электрокъарухэр зрикIуэ километр 234-р абы иригъэфIэкIуэнущ, сом мелуани 150-м щIигъу тригъэкIуэдэнурэ.**

МЫ ГЪЭМ къыщыщIэдзауэ илъэсищым къриубыдэу зэрахъуэкIынущ жьы хъуа Iэмэпсымэхэр, кIапсэхэр, пкъохэр. Лэжьыгъэхэр щекIуэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ псоми. Абы щыгъуэми гулъытэ хэха хуащIынущ гъущI-алюмин (бзэху) кIапсэ «пцIанэхэр» километр 218-м щыздрикIуэ Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм. Ахэр зэрахъуэкIынущ нэхъ шынагъуэншэ фэ зытегъэлъэда мм 70 зи гъумагъхэмкIэ. Иджыпсту щыIэхэр мм 16-м щыщIэдзауэ 35-м нэсщ икIи нэхъыбэу къагъэсэбэп хъуа электрокъарум пэмылъэщхэрщ.

КъищынэмыщIауэ, электрокъарур дяпэкIэ зэрыкIуэну кIапсэщIэхэм хабзэм къемызэгъыу, гъэпщкIуауэ зыпадзэфынукъым, дунейм и щытыкIэмрэ къэхъукъащIэхэмрэ ахэр нэхъ пэщIэтыфынущ. Ар къызэрагъэсэбэпам и куэдагъым иризэдауэ щымыIэн папщIэ Бахъсэн къалэр, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэр автоматикэм хуагъэкIуэнущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# КъБР-м щыIэ МВД-м илъэс кIуам зэфIигъэкIахэм щыхоплъэж

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

## КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру щыIэм и отчётыр

ЗэIущIэм щедэIуащ КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру щыIэ, полицэм и генерал-майор Павлов Василий республикэм щыIэ МВД-м 2019 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэм теухуауэ жиIахэм.

Къэпсалъэм къызэрыхигъэщамкIэ, къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я пщэ къыдэхуэ къалэнхэм япкъ иткIэ, гъэ кIуам я лэжьыгъэр нэхъ зытегъэщIауэ щытар УФ-м и Президентым и указхэр, къэрал УнафэщIым 2019 гъэм зэфIагъэкIын хуейхэр щыубзыхуауэ Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуахэр, апхуэдэуи Урысейм и МВД-м пщэрылъ къащищIахэр гъэзэщIэнырщ.

Абы жиIащ я лэжьакIуэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщын къалэныр икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэу зэрыщытыр икIи ар гъэзэщIэным хуэфащэ гулъытэ зэригъуэтыр. Унэ пэплъэу чэзум щытхэм 2019 гъэм фэтэр 87-рэ иратащ, зи псэупIэр езыгъэфIэкIуэн хуей хабзэхъумэ 41-мрэ я лэжьэгъу хэкIуэдахэм я щхьэгъусэу щымрэ зэ етыгъуэу ахъшэкIэ зыщIагъэкъуащ, унэ кърахщэхун е яухуэн папщIэ.

Министерствэм и къудамэхэм я лэжьыгъэр зэрызэтегъэпсыхьа щIыкIэм хэплъэжри, цIыху нэхъыбэ ирагъэбыдылIащ Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхухэмкlэ управленэм, наркотикхэм якIэлъыплъ къудамэм къыщызэрагъэпэщащ афиянхэкIхэр ИнтернеткIэ зэрагъэкIуэным пэщIэтыну IэнатIэщIэ, къыщызэрагъэпэщащ хъыбарегъащIэ-коммуникацэ технологиехэр къагъэсэбэпурэ щIэпхъаджагъэхэр зылэжьхэм ебэнынымкIэ къудамэхэр.

Гулъытэ хэха хуащIащ экстремизм, терроризм унэтIыныгъэ зиIэ щIэпхъаджагъэхэм пэщIэтыным, апхуэдэуи цIыху куэд зыхэт гупхэм жылагъуэ хабзэр къызэпемыгъэудыным. Хабзэхъумэ IэнатIэхэр зэдэууэ зэрылэжьам и фIыгъэкIэ, апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр къамыгъэхъун яхузэфIэкIащ. Министрым къыхигъэщащ езы лэжьакIуэхэм къыщIагъэщ щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу зэрыхэхъуар.

Мыхьэнэ нэхъ мащIэ иIэкъым къытрагъэзэжу щIэпхъаджагъэ ямылэжьыным, хабзэм емыбэкъуэным хуэунэтIа лэжьыгъэ хэха цIыхухэм ядегъэкIуэкIынми. Ар зи нэIэ щIэтын хуей IэнатIэ псори зэщIэмыгъэуIуауэ ехъулIэныгъэ зыIэрыбгъэхьэну гугъущ. Тутнакъэщхэм къикIыжахэр гъащIэм, жылагъуэм хэзэгъэжынымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм Iуэхугъуэфlхэр къыдэкIуэн папщIэ, КъБР-м щыIэ МВД-м къыхилъхьа жэрдэмыр дэIыгъыныр хэкIыпIэфIу къилъытащ къэпсалъэм. Ар зытеухуар тутнакъэщым къикIыжахэм, я псэукIэр зэтраухуэжын щхьэкIэ гугъуехь хэхуахэм юридическэ, социальнэ, нэгъуэщI дэIэпыкъуныгъэ щагъуэтын, лэжьапIэ къагъуэтынымкIэ зыщыщIагъэкъуэн Центр къызэрагъэпэщынырщ.

МВД-м и лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ унэтIыныгъэхэм ящыщщ гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным ехьэлIар. Бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, республикэм и гъуэгухэм къыщыхъу автомобиль зэжьэхэуэхэр гъэмэщIэным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIхэр нэсу пхужыIэнукъым. Гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэу 644-рэ ятхащ, абыхэм я зэран екIащ цIыху 776-м. Къэхъуахэм ящыщу 151-м машинэхэм лъэсырызекIуэхэр щраудащ, абы цIыху 32-рэ хэкIуэдащ, 128-м фэбжь зэхуэмыдэхэр ягъуэтащ. Балигъ мыхъуахэр зыхэхуа апхуэдэ къэхъукъащIэу 61-рэ ятхащ, абыхэм сабииплI хэкIуэдащ, 64-м фэбжь ягъуэтащ.

Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр - фадэ ефауэ рулым тIысхэм я зэранкIэ къэхъу насыпыншагъэхэр гъэмэщIэнырщ - гъэзэщIа хъуакъым. Апхуэдэ къэхъукъащIэу 45-рэ ятхащ, абыхэм цIыхуипщI хэкIуэдащ, 63-м фэбжь хахащ. Фадэ ефауэ рулым дэсу мызэ-мытIэу къапэщIэхуахэм я бжыгъэми хэщIакъым - процент 41,1-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

ЦIыхухэр къезышэкI автобусхэм я лэжьэкIэм нэхъ набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъ хъуащ. Апхуэдэ транспортым ирилажьэхэм щыIэ мардэхэр мин 14,5-рэ къызэпаудауэ къыщIагъэщащ, абы и фIыгъэкIи гъуэгу къэхъукъащIэхэр проценти 3-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Гулъытэ хэха хуащIащ хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэр къыщIэгъэщынымрэ ахэр зэхэгъэкIынымрэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ хабзэр процент 41,1-кIэ нэхъыбэрэ къызэпаудащ - псори зэхэту ятхащ щIэпхъаджагъэ 876-рэ.

IT-щIэпхъаджагъэ жыхуаIэхэр псынщIэу зэхагъэкIын папщIэ хабзэхъумэхэр быдэу япыщIауэ ядолажьэ банкхэмрэ сотовэ операторхэмрэ. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр къызэпаудыным, зэхагъэкIыным хуэгъэза лэжьыгъэр щIагъэхуабжьэ.

Республикэм афиянхэкIхэр къызэрырашэ лъагъуэ 27-рэ зэхуащIын яхузэфIэкIащ, абыхэм щхъухьхэр къызэрашэ гъуэгу нэхъ инхэу республикэр Москва къедза щIыпIэхэм, Краснодар крайм, Ростов областым пызыщIэхэри яхэту.

УФ-м и УК-м и 228.1 статьям и 4-нэ статьям и «а» Iыхьэм, 174.1 статьям къыщыгъэлъэгъуахэр ялэжьауэ щIэпхъаджагъэ гупыр зэрагъэкъуаншэ тхылъ, «метилэфедрон» афиянхэкIыр щIыпIэ-щIыпIэхэм щагъэтIылъурэ зэращар къыщыгъэлъэгъуар, судым ягъэхьащ.

Гулъытэ хэха хуащIащ иджырей хъыбарегъащIэ Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ наркотикхэкIхэр щэныр къызэпыудыным. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэу хабзэхъумэхэм гъэ кIуам къыщIагъэщащ абы и пэ ита илъэсым нэхърэ хуэдитхукIэ нэхъыбэ.

Мыхьэнэшхуэ зратхэм ящыщщ Iулъхьэ зэIэпыхыным ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэр. Псори зэхэту а унэтIыныгъэм хабзэншагъэу 180-рэ хуэдиз щатхащ, абыхэм ящыщу щы къэс зыр Iулъхьэшхуэм е Iулъхьэшхуэ дыдэм пыщIа Iуэхущ.

- Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэм илъэс кIуам кърикIуахэр щызэхэтлъхьэжкIэ, къыхэгъэщыпхъэщ, зэфIэмыгъэкIа Iуэхухэр иджыри щыIэми, КъБР-м и МВД-м къыхуагъэува къалэнхэр зэригъэзэщIар. Зэрыщыту къапщтэмэ, республикэм щытыкIэр зэпIэзэрыту щыщытащ, - къыхигъэщащ Павлов Василий икIи щIигъужащ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр псыхэкIуадэ хъункIэ зэрыхъунур, абы къэрал властым, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэр, адрей хабзэхъумэ IэнатIэхэр къадэмыIэпыкъумэ. Министрым фIыщIэ ищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэр хъума щыхъуным, ар гъэбыдэным хуэгъэзауэ зыкъызэрыщIагъакъуэм папщIэ.

ЗэIущIэм депутатхэм Павлов Василий упщIэ куэд щратащ IуэхущIапIэхэр зэрызэдэлажьэ щIыкIэм, афиянхэкIхэр зэблэгъэкIыныр, нэгъуэщI уголовнэ щIэпхъаджагъэхэр гъэмэщIэным хуэгъэзауэ ящIэхэм теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ министерствэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ зэфIагъэкIа лэжьыгъэм папщIэ икIи ехъуэхъуащ дяпэкIи я IэнатIэм ехъулIэныгъэхэр къыщахьыну.

## Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэр зэрылэжьар

Депутатхэмрэ зэIущIэм кърагъэблэгъахэмрэ щыгъуазэ ящIащ КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэр зэрылэжьа щIыкIэми. А IуэхущIапIэм и унафэщI КIасэ Динэ зэрыжиIамкIэ, палатэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэр теухуауэ щытащ республикэ бюджетым и мылъкур къызэрагъэсэбэп щIыкIэм кIэлъыплъыным, КъБР-м и къэрал программэхэмрэ щIыналъэ проекткэмрэ гъэзэщIа зэрыхъум, апхуэдэуи «Къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэр зыхуейхэр къэщэхуным, Iуэхутхьэбзэхэр щIэным, нэгъуэщI лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыным теухуауэ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м къащта Федеральнэ законым ипкъ иткIэ а лэжьыгъэр зэрекIуэкIым я нэIэ тетыным.

Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 2019 гъэм зэфIигъэкIыну иубзыхуауэ щыта псори къехъулIащ. КIэлъыплъыныгъэ 55-рэ щрагъэкIуэкIащ объект 67-м: къэпщытэныгъэ 41-рэ IуэхущIапIэ 50-м, эксперт-аналитикэ лэжьыгъэ 14 объект 17-м къыщызэрагъэпэщащ. Республикэ бюджетым и ахъшэу сом мин 2 616 721,6-рэ зыхухахам къызэрыхуагъэсэбэп щIыкIэр къапщытащ.

Къэпсалъэм зэпкърыхауэ и гугъу ищIащ бюджет хабзэр къыщызэпауд къызэрыхъуам, ахэр гъэзэкIуэжыным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIахэм, Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 2020 гъэм къыпэщыт къалэнхэм.

## ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэм жиIар

ЗэIущIэр щекIуэкIым депутатхэр апхуэдэу хэплъащ ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис 2019 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа и отчётым. Абы къыхэщащ цIыхухэм нэхъыбэу а IуэхущIапIэм зыщIыхуагъэзэ гуныкъуэгъуэхэри, апхуэдэ тхыгъэу яIэрыхьам и бжыгъэри, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр нэхъыбэу къыщыщызэпауд IэнатIэхэри, абы щхьэусыгъуэ хуэхъухэри, апхуэдэуи Уполномоченнэми, къэрал, муниципальнэ органхэми цIыхухэм я хуитыныгъэхэр зэфIэгъэувэжыным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIахэри.

ЗэIущIэр щызэхуищIыжым КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ коронавирусым пэщIэтыным хуэунэтIауэ къагъэува мардэхэм цIыхухэр тетын зэрыхуейр:

- Иджыпсту мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыхухэр зыхуэсакъыжыным, абы къыхуеджэным. ЦIыхухэр мылажьэу щIаутIыпщыр я нэгу зрагъэужьын, паркхэм къыщакIухьын, цIыху зэхуэсыпIэхэм щызэIущIэну аракъым. Шэч хэмылъу, жьы къабзэкIи бэуэн хуейщ, ауэ, абдежми, псом япэрауэ, шынагъуэншагъэм егупсысыпхъэщ. Псоми нэсу къагурыIуэу си гугъэкъым дуней псом иджыпсту щыщыIэ щытыкIэр къызэрымыкIуэу зэрыщытыр - ар пандемиещ. КъимыдэкIэ, егъэлеяуэ абы утегузэвыхьынри зэран хъункIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Аращи, псори зэпэлъытын хуейщ икIи дэтхэнэ зыри мы ягъэува мардэхэм тетыпхъэщ.

ЗэIущIэм нэгъуэщI Iуэхухэми щыхэплъащ.

**БАТЫР Любэ**,
*КъБР-м и Парламентым и Аппаратым жылагъуэм пыщIауэ щытынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и управленэм и унафэщI.*

## Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 4, *щэбэт***

♦**Интернетым и дунейпсо махуэщ**
♦**Лагъымым къыпкърыкI шынагъуэмрэ щIым а Iэщэ лIэужьыгъуэр къыхэхыжынымрэ ятеухуа щIэныгъэ цIыхухэм етыным и дунейпсо махуэщ**
♦**1719 гъэм** Урысейм Ладогэ кIэнауэр, Волхов, Нева псыхэр зэпызыщIэр, ухуэн щыщIадзащ.
♦**1785 гъэм** инджылыз инженер Картрайт Эдмунд щэкI зэрызэIуащэ, лъакъуэкIэ бгъэлажьэ хъу станокыр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъыр иратащ.
♦**1850 гъэм** Лос-Анджелес жылэр (США) къалэ хъуащ.
♦**1866 гъэм** революционер Каракозов Дмитрий Урысейм и пащтыхь Александр ЕтIуанэр иукIыну хэтащ.
♦**1932 гъэм** США-м щыщ биохимик Кинг Чарльз Глен С витаминыр къиухутащ, ар нэхъыбэу зыхэлъ пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкIхэр къигъэнэIуащ.
♦**1933 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я оргбюро къызэрагъэпэщащ.
♦**1945 гъэм** Дзэ Плъыжьым Венгриер хуит къищIыжащ.
♦**1945 гъэм** советыдзэхэм Братиславэ (иджыпсту ар Словакием и щыхьэрщ) къалэр фашистхэм къыIэщIагъэкIыжащ.
♦**1947 гъэм** Граждан авиацэм и дунейпсо зэгухьэныгъэм лэжьэн щIидзащ.
♦**1949 гъэм** Вашингтон къыщызэрагъэпэщащ НАТО зэгухьэныгъэр. Абы хыхьат США-р, Бельгиер, Великобританиер, Голландиер, Даниер, Исландиер, Италиер, Канадэр, Люксембургыр, Норвегиер, Португалиер, Франджыр.
♦**1973 гъэм** Нью-Йорк и Манхэттэн районым къыщызэIуахащ Дунейпсо сату центрыр. Абы хыхьэ унэхэм я нэхъ инитIыр, дэтхэнэри къати 110-рэ хъууэ щытар, 2001 гъэм фокIадэм и 11-м къагъэуащ.
♦Инджылыз тхакIуэ цIэрыIуэ **Рид Майн** къызэралъхурэ илъэс 202-рэ ирокъу.
♦Совет актрисэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Быстрицкая Элинэ** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Совет кинорежиссёр, сценарийхэр зытхыу щыта, РСФСР-м и цIыхубэ артист, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зрата **Тарковский Андрей** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Совет усакIуэ-уэрэдус цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Резник Илья** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Адыгэхэм я къекIуэкIыкIам теухуа лэжьыгъэ куэд зиIа, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Кокиев Георгий** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущIэ, Абхъаз Республикэм и етIуанэ президенту щыта, АР-м и ЛIыхъужь **Бэгъэпщ Сергей** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емыжь МулиIэт** къыщалъхуа махуэщ.
♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтын и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къумыкъу Iэуес** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.
♦Актёр, теленэтынхэр езыгъэкIуэкI **Нагиев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.
♦БэнэкIэ хуитымкIэ дунейпсо чемпион **Нартокъуэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 5, *тхьэмахуэ***

♦**Геологым и махуэщ**
♦**Хьэнтхъупсым и дунейпсо махуэщ**
♦**Къалмыкъ Республикэм и Конституцэм и махуэщ**
♦**Корее Ипщэм щагъэлъапIэ жыгхэр хэсэным и махуэр**
♦**Къэзахъстаным Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхухэр зи нэIэ щIэт и полицэм и махуэщ**
♦**Тыркумэн Республикэм щагъэлъапIэ псы ткIуэпсым и махуэр**
♦**1241 гъэм** Невский Александр и дзэм Чудскэ гуэлым и деж нэмыцэдзэр щызэтрикъутащ.
♦**1905 гъэм** Курп Ищхъэрэ къуажэм и мэкъумэшыщIэхэм зыкъаIэтащ.
♦**1941 гъэм** фашист Германиемрэ Италиемрэ я дзэхэр Югославиемрэ Алыджымрэ ятеуащ.
♦**1941 гъэм** СССР-мрэ Югославиемрэ Iэ традзащ зэныбжьэгъуным, зыр адрейм темыуэным теухуа зэгурыIуэныгъэм.
♦**1942 гъэм** Гитлер Адольф унафэ ищIащ и дзэхэм я къару нэхъыщхьэхэр Кавказым и щIыдагъэр зыIрагъэхьэным хузэщIагъэуIуэу абыкIэ къаунэтIыну.
♦**1943 гъэм** ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром унафэ къищтащ Бахъсэн ГЭС-р зэфIэгъэувэжыным теухуауэ.
♦**1943 гъэм** Налшык дагъэ щыщIахуу дэт завод №1-р зэфIагъэувэжащ.
♦**1955 гъэм** Инджылызым и премьер-министр къулыкъум текIащ Черчилль Уинстон. Ар илъэс 50-м щIигъукIэ политикэм хэтат.
♦**1977 гъэм** СССР-м къыщIэгъэкIын щыщIадзащ ВАЗ-2121 автомобилыр - «Нива» зыфIащар.
♦**1980 гъэм** СССР-мрэ Афганистанымрэ я унафэщIхэм Iэ традзащ советыдзэм щыщ гупхэм я къулыкъур Афганистаным щрахьэкIыным теухуауэ.
♦**1991 гъэм** къызэрагъэпэщащ «Русские Витязи» кхъухьлъатэ гупыр.
♦**1992 гъэм** Босниемрэ Герцеговинэмрэ къэралым унафэ къищтащ Югославием къызэрыхэкIым теухуауэ.
♦**1993 гъэм** УФ-м и Правительствэм и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ «Лукойл» щIыдагъэ компаниер.
♦Австрием щыщ дирижёр цIэрыIуэ **Герберт фон Караян** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.
♦Совет актрисэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Кустинская Наталье** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.
♦БзэщIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **ПIаз Сергей** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
♦Къалмыкъ Республикэм и унафэщIу щыта, Дунейпсо шахмат федерацэм и президент **Илюмжинов Кирсан** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.
♦Урысей спортсменкэ, дуней псом боксымкIэ и чемпионкэ **Рагозинэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.
♦Урысей биатлонист цIэрыIуэ, дунейми Олимп Джэгухэми я чемпион **Волков Алексей** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 7 - 10 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 6, *блыщхьэ***

♦**Зыужьыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ яхуэлажьэ спортым и дунейпсо махуэщ**. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2013 гъэм шыщхьэуIум и 23-м унафэ къищтащ илъэс къэс а махуэр мэлыжьыхьым и 6-м къэралхэм зэдагъэлъэпIэным теухуауэ.
♦**СтIолыщхьэ теннисым и дунейпсо махуэщ**
♦**УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Къыргъызым щагъэлъапIэ физкультурэмрэ спортымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр**
♦**248 гъэм** римдэсхэм Iэтауэ ягъэлъэпIауэ щытащ я къалэр илъэс мин зэрырикъур. Тхыдэджхэм къагурыIуэркъым а махуэм икIи а илъэсым ар щIагъэлъэпIар, сыту жыпIэмэ, Урымым и тхыдэм и пэжыпIэр нэсу зыщIэу къалъытэ Варрон Марк зэрыжиIамкIэ, Рим къалэм и лъабжьэр Ромул щигъэтIылъар 753 гъэм и мэлыжьыхьым и 21-рщ.
♦**1814 гъэм** Наполеон Франджым и пащтыхь къулыкъум текIыну къытрагъэхьэри, апхуэдэ лъэбакъуэ япэу ирагъэчауэ щытащ франджыдзэм и маршалхэу Мортьерэ де Мармонрэ.
♦**1896 гъэм** Афинхэм (Алыдж) къыщызэIуахауэ щытащ япэ Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Зэпеуэхэр щекIуэкIащ «Панатинаикос» алыдж стадионым. Япэ джэгухэм хэтащ къэрал 14-м щыщ спортсмен 241-рэ, лIэужьыгъуибгъукIэ зэпеуащ. ЦIыхубзхэр зэхьэзэхуэхэм хагъэхьатэкъым. Япэ Олимп чемпион хъуауэ щытар США-м щыщ, атлетикэ псынщIэм щиIа зэфIэкIхэмкIэ цIэрыIуэ Коннолли Джеймс Бренданщ.
♦**1899 гъэм** Москва и уэрамхэм къыдыхьащ электрокъарукIэ лажьэ япэ трамвайр.
♦**1930 гъэм** СССР-м и ЦИК-м и унафэкIэ къащтащ Ленин, Вагъуэ Плъыжь орденхэр. Хэку зауэшхуэм и зэманым цIыху нэхъыбэ дыдэм хуагъэфэща къэрал дамыгъэхэм ящыщщ Вагъуэ Плъыжь орденыр.
♦**1941 гъэм** нэмыцэ кхъухьлъатэхэм Югославием и щыхьэр Белград лагъымхэр дадзэн, къалэр зэхэкъутэн щIадзащ.
♦Урысей жылагъуэ лэжьакIуэ, тхакIуэ-публицист **Герцен Александр** къызэралъхурэ илъэс 208-рэ ирокъу.
♦Урыс дохутыр цIэрыIуэ, хирург Iэзэ дыдэу къалъытэу щыта, профессор **Склифосовский Николай** къызэралъхурэ илъэси 184-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Меркурьев Василий** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.
♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Акмеологие щIэныгъэхэм я академиеу Санкт-Петербург щыIэм и действительнэ член **Бэчыжь Мухътар** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, кинорежиссёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Любшин Станислав** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Дирижёр, композитор, УФ-ми Къалмыкъ Республикэми я цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Темыркъан Борис** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.
♦БзэщIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэм я доктор, Адыгэ къэрал университетым и профессор **Бырсыр Батырбий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **АбытIэ Хъызыр** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Психологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Къэбардэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ХъуэкIуэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.
♦Адыгей тхакIуэ **Джэш Рахьмэт** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 9, жэщым 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Джэдумрэ фызымрэ унэгуащэщи, хьэмрэ лIымрэ ныбгъуащэщ.**

**• Ди нэхъыжьыфIхэр**

# Бузд Къэралбий и щапхъэ

**Лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа ди лъахэгъухэм халъытэ КъБКъУ-м и химико-биологие факультетым и япэ декану щыта, химиер IэщIагъэу къыхэзыха щIэблэ куэдым гъуэгугъэлъагъуэ, унэтIакIуэ яхуэхъуа Бузд Къэралбий Аслъэнбэч и къуэр. Еджагъэшхуэм и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 90 ирокъу. КъигъэщIа гъэхэм ящыщу 65-м щIигъур Буздым тыхь хуищIащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм. НэхъыжьыфIыр ноби я щапхъэщ иригъэджауэ щытахэм, зыцIыху куэдым.**



**Къэралбий якум дэсщ, пыIэ щхьэрыгъыу.**
*Сурэтыр 2017 гъэм трахащ.*

БУЗД КЪЭРАЛБИЙ Тэрч щIыналъэм хыхьэ Дей (Мэртэзей) къуажэм 1930 гъэм и мэлыжьыхь мазэм къыщалъхуащ. Дунейм и зэхэлъыкIэм дихьэхыу къэхъуа щIалэщIэр курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, химие IэщIагъэм хуеджащ. Студент илъэсхэр жыджэру, купщIафIэу езыхьэкIахэм ящыщащ Буздыр. Комсомолец пэрытыр 1957 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэситIкIэ щытащ а къэралпсо щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и Налшык къалэ комитетым и япэ секретару.

КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым 1964 гъэм химие къудамэ къыщызэIуаха нэужь, абы ирагъэблэгъащ а щIэныгъэмкIэ зэфIэкI зыбгъэдэлъ лъэпкъ IэщIагъэлIхэр. Абыхэм ящыщащ а лъэхъэнэм ирихьэлIэу химик цIэрыIуэ хъуа Бузд Къэралбий. Абы и гъусэу а зэманым лэжьащ щIэныгъэлIхэу Къарэ Зырамыку, Бырхьэм Михаил, ХъуэкIуэн Тамарэ, Къэзанш Александр, Багъ Ибрэхьим, Шурдым Гъэзалий, Шэрджэс Бэлэтокъуэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Химие-биологие факультет щхьэхуэ 1966 гъэм къызэрагъэпэща нэужь, а щIэныгъэ къудамэм и унафэщI къалэныр дзыхь зыхуащIауэ щытар щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэ, егъэджакIуэ Iэзэ Бузд Къэралбийщ. Факультетым и лъабжьэр зыгъэтIылъа, абы и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа а щIэныгъэлIым, жыпIэнурамэ, химие щIэныгъэр и гъащIэ гъусэу и илъэсхэр ирихьэкIащ, ноби аращ. Факультетым и декану куэдрэ лэжьа нэужь, Буздыр зэман кIыхькIэ щытащ абы и кафедрэхэм ящыщ зым и унафэщIу.

- Химие факультетым и япэ декану щыта Бузд Къэралбий доцIыху 1964 гъэм и фокIадэ мазэ лъандэрэ. Сэ сызыхэса гупыращ химие къудамэм и япэ студенту щытахэр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым химием хэхауэ дызэрыщыхуеджар зэрыт дипломхэри япэу зратари дэрат, - игу къегъэкIыж университетым и химие къудамэр 1969 гъэм къэзыуха Щомахуэ Мухьэмэд. - Еджэным дыщыпэрыхьа япэ махуэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым дызэрыIыгъщ зэкурсэгъуу щытахэр, ди нэхъыжьыфI Бузд Къэралбий ди пашэу илъэс къэс дызэхуос Химикым и махуэм ирихьэлIэу. Химие щIэныгъэмкIэ IэщIагъэлI дыхъуу щхьэж и IэнатIэ, увыпIэ гъащIэм щыдгъуэтыжами, ди егъэджакIуэр дапщэщи къытщIоупщIэ, ди Iуэху зыIутыр зрегъащIэ. Дэри сыт щыгъуи дыхуэныкъуэщ абы и чэнджэщхэм, куэдри сэбэп къытхуэхъуащ и ущие псалъэхэри. Къэралбий иригъэджа псоми я цIэкIэ сохъуэхъу фIыуэ тлъагъу, пщIэ зыхуэтщI цIыху щыпкъэм къыщалъхуа махуэшхуэмкIэ. Узыншагъэ быдэ иIэу куэдрэ Тхьэм дяпэ иригъэт. Къэралбий хуэстха усэм зэрыщыжысIэщи, «Хъуэхъуу жытIэр къабыл хъуну, Зи гур къабзэу зи бзэр IэфI уэ Илъэсищэм тIэкIу щIыгъужу Къэбгъэщ Iэну дыпхуолъаIуэ!»

Щомахуэм зэрыжиIэмкIэ, Буздым хуэдэу лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщыф IэщIагъэлI гъуэтыгъуейщ. Абы игъэтэрэзырт и нэIэм щIэту лажьэ егъэджакIуэхэм я Iуэхури, студентхэми яхуэнабдзэгубдзаплъэт. Абы далъэгъуа Iуэху зехьэкIэр куэдым щапхъэ иужькIэ яхуэхъуащ, езыхэр школхэм, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыщIэхэм щылажьэу щIадза нэужь. Хьэлэлу лэжьэн зэрыхуейм и закъуэкъым Буздым щIэблэр зыхуиущияр, атIэ гудзакъэ яIэу, фIым, захуагъэм я телъхьэу, цIыхур, гъащIэр фIыуэ ялъагъуу псэунми къыхуриджащ. Къэралбий иригъэджа куэдым гукIэ ящIэж я унэтIакIуэ щыпкъэм къажриIэу щыта псалъэ Iущхэр. Апхуэдэхэт Менделеев Дмитрий, Горький Максим сымэ я псалъэхэу химие щIэныгъэм и купщIэр къэзыгъэлъагъуэхэр: «Химиер - телъыджэхэм я щIыналъэщ. Аращ цIыху акъылыр здынэсыфыну, бэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэфыну щIэныгъэ къэхутэныгъэ куэдым я лъахэ хъунур» е «Си Хэкур си анэм хуэдэу фIыуэ солъагъу, сызыхэт химие щIэныгъэр хузогъэадэ цIыхупсэр зыузэщI, гъащIэр нэхъ зэIузэпэщ зыщI фIыгъуэ иным».

Апхуэдэу, гъащIэм гъуазэ щахуэхъуа я егъэджакIуэм зыщIигъэдэIуахэмрэ зыхуиущияхэмрэ я гум илъу, къызэдогъуэгурыкIуэ Буздым и гъэсэнхэр. Ахэр щогуфIыкI химие щIэныгъэм и щэху куэд къахузэIузыха, адэ пэлъытэу яIэ, шынэхъыжьыфIи яхуэхъу я унэтIакIуэм и цIэр фIыкIэ щIэх-щIэхыурэ къызэрыраIуэм. И щIыбагъ къыдэлъ лэжьыгъэ хьэлэлым къыпэкIуэу щIэныгъэлIыр мызэ-мытIэу ягъэпэжащ СССР-м, УФ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министерствэхэм, нэгъуэщI къэрал IэнатIэхэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ, дамыгъэ лъапIэхэмкIэ. Абыхэм къахэхъуащ, дауи, УФ-м и Президент Путин Владимиррэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ нэхъыжьыфIым къыхуагъэхьа Хъуэхъу телеграммэхэр.

Зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъу щIэныгъэлIым, къэхутакIуэм, егъэджакIуэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ цIыху щыпкъэм ноби пщIэшхуэ жылагъуэм щиIэщ. Абы и гъащIэр щапхъэу хуагъэлъагъуэ химие щIэныгъэм и щэхухэр джыным зезыпщыта иджырей студентхэми щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэми.

Бузд Къэралбий Аслъэнбэч и къуэм и махуэшхуэмкIэ ди гуапэу дэри дохъуэхъу. Узыншагъэ уиIэу, уи пщIэр лъагэу, быным, абыхэм я щIэблэм я насыпым уи псэр игъэнэхурэ уи гум ехуэбылIэу, ноби хуэдэу абыхэм урауэщиякIуэу, урачэнджэщэгъуу куэдрэ упсэуну, ди нэхъыжьыфI.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.

# Удз гъэгъа телъыджэхэр

**Кърымым щыIэ Никитскэ ботаническэ хадэм илъэс къэс къыщызэрагъэпэщ «Тюльпанхэм я парад» гъэлъэгъуэныгъэ телъыджэр.**

КЪЭРАЛ куэдым зыщызыубгъуа коронавирусым и зэранкIэ мы гъэм ар щымыIэнкIи хъунут, ауэ ди дэрэжэгъуэр езыудыхын фIэкIа щызэхэдмыхых мы зэманым цIыхухэр зэрагъэгуфIэн Iэмалыр зыIэщIамыгъэкIыну мурад ящIащ а IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм икIи, иджырей технологие зэпыщIэныгъэхэр къагъэсэбэпри, удз дахэхэр Онлайн мардэм иту ягъэлъэгъуащ.

«Дэ къэдгъэхъу хъунутэкъым ди удз гъэгъа телъыджэхэр зыми ямылъагъуу гъуэлъэжыныр, - жиIащ хадэм и унафэщI Плугатарь Юрий. - Социальнэ сетхэмкIэ, ди сайтымкIэ, телерепортажхэмкIэ абы цIыху минхэр еплъащ. НэгъэгуфIэ-псэгъэгуфIэ дахагъэм икъукIэ хуэныкъуэщ иджыпсту я унэхэм къыщIэкIыну Iэмал зимыIэ ди цIыхухэр. Абы и щыхьэтщ фIыщIэшхуэ къызэрытхуащIыр зэрыт тхыгъэ минхэр къызэрытIэрыхьар».

Мы гъэм тюльпан гъэгъа лIэужьыгъуэ щитIым щIигъу хагъэхьат выставкэм. Удзхэр кърамыупщIыкIауэ, хьэсэхэм зэрыхэту зэрагъэлъэгъуам ахэр нэхъ дахэж ищIырт.

# Зи пщIэр лъагэу дунейм тета ГунжафIэ Лъостэнбий

**ЦIыхугъэкIэ, гуапагъэкIэ, гуащIэдэкI лэжьыгъэкIэ гъэнщIа гъащIэ купщIафIэ къигъэщIащ Лэскэн районым хыхьэ Арщыдан жылэм щыщ ГунжафIэ Лъостэнбий Нурхьэлий и къуэм. «ФIы зыщIэ и пщIэ кIуэдыркъым» щIыжаIэр абы и деж щынэрылъагъуущ. ГунжафIэм и Iэужь дахэм абы и цIэр гъащIэм къыхинащ, и дуней тетыкIар куэдым я щапхъэщ.**



ГУНЖАФIЭХЭ Нурхьэлийрэ Гуащэпсрэ (Жамботхэ япхъущ) я адыгэ унагъуэшхуэм къихъуа сабиитхум я нэхъыжьт Лъостэнбий. Япэ ялъэгъуа сабийр я гуфIэгъуэшхуэт и адэ-анэм къищынэмыщIауэ, и адэ шыпхъуухэу СэIихьэт, Зурят, Сэлисэт, и адэ къуэш Хьэжмусэ сымэ. Абыхэм щIалэ цIыкIур я нэм, я псэм хуахьырт, «щIым намыгъэсу» жыхуаIэм хуэдэу кърахьэкIырт. ЩIапIэшхуэ яIэу, лэжьыгъэм къыпимыкIуэту, къуажэдэсхэм я деж я пщIэр щылъагэу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу бынунэшхуэу псэурт ГунжафIэхэ. Адэ шыпхъухэм къыхуаIа лъагъуныгъэр игъэпэжащ Лъостэнбий, къуэм хуэдэу яхущытыжащ, яхуэщIапхъэ хабзэри якIэлъызэрихьэжащ.

ЩIалэ нэхъыжьым, дауи, жэуаплыныгъэ нэхъыбэ ихьырт. Адэ-анэм я дежкIэ Лъостэнбий щIэгъэкъуэнышхуэ хъурт: абы и нэIэ ятригъэтт и къуэш нэхъыщIэхэу Аслъэнбийрэ Наурбийрэ, и шыпхъухэу Жанпагуэрэ Жанурэ.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Зи сабиигъуэр абы хиубыда псоми хуэдэу, а лъэхъэнэр Лъостэнбии гукъэкIыж хьэлъэу и гъащIэм къыхэнат. Балигъхэм яхэту губгъуэ лэжьыгъэ хьэлъэхэри и фэм дэкIащ щIалэм. НэгъуэщIуи хъунутэкъым, ар зэманым къахуигъэув къалэнт. ЕплIанэ классым щеджэ щIалэ цIыкIум зауэ гущIэгъуншэм и фэбжьи игъэунэхуащ. Нэмыцэхэм кхъухьлъатэхэм кърадзыха лагъымхэм къуажэр егъэлеяуэ зэхакъутат. Псэуалъэхэм къищынэмыщIауэ, Iисраф зэтращIат цIыхухэри. Абы и зэран зэкIахэм ящыщт Лъостэнбии, лагъым къэуам и «удыныр» зыхэзыщIа щIалэм зыкъыщищIэжар зы жэщ-махуэ дэкIа нэужьщ.

Гугъуехьым къригъэкIуэтахэм ящыщкъым ГунжафIэ Лъостэнбий. Ар наIуэ пщещI абы и гъащIэ къекIуэкIыкIам.

И ныбжьыр илъэс 26-м иту и адэ Нурхьэлий дунейм ехыжри, унагъуэм ис цIыхухъу нэхъыжьым и къалэнхэр абы и пщэ къыдэхуащ. Анэм и гугъапIэ псори зрипх и къуэр щIэгъэкъуэн быдэ хуэхъуащ, унагъуэр и жьауэм щIигъэувэри, псоми я Iуэху зэрыдэкIыным хущIэкъуащ. Захуагъэм и телъхьэт ГунжафIэр, лей зытехьэм и щхьэщыжакIуэт. Абы хузэфIэкIащ лIакъуэ лъагэ зиIэ лъэпкъым къыхэкIауэ, мылъкушхуэ ябгъэдэлъу зэрыщытым къыхэкIыу «властым и бий» цIэр фIащу Сыбырым ягъэкIуа и адэшхуэ Жамбот Къесынрэ и анэ дэлъхуитIымрэ я Iуэхухэр къиIэтыжу захуагъэр зэфIигъэувэжын. Ар и анэм и гур къизысыкI Iуэхути, абыкIи псэхугъуэ иритыжащ.

ПщIэрэ щIыхьрэ иIэу илъэс 50-м щIигъу лэжьыгъэ гъуэгуанэ къызэпичащ ГунжафIэм. 1951 гъэм судым и секретару лэжьэн щIидзащ абы. ИтIанэ Жэмтхьэлэ къуажэм егъэджакIуэу щыIащ. Педагогикэ институтым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр 1954 гъэм къиухащ. ИлъэситIкIэ Жэмтхьэлэ щылажьэри, абы игъэзэжащ щалъхуа къуажэм дэт курыт школым. Ауэ куэдрэ зыщиIэжьакъым - жэуаплыныгъэ хэлъу зыкъэзыгъэлъагъуэ щIалэр комсомолым и Лэскэн райкомым и япэ секретару ягъэуващ. «ЦIыхухэм гудзакъэ яхэлъу, лэжьыгъэм мыхьэнэ нэхъ ирату щытащ а зэманым, - игу къигъэкIыжырт Лъостэнбий. - колхозхэм, совхозхэм ядэIэпыкъун папщIэ комсомол комитетым еджакIуэхэр зыхэт гупхэр къызэригъэпэщырт. Комсомол-щIалэгъуалэ бригадэхэр, фермэхэр сыт хуэдэ Iуэхуми щыпэрытт. Партым и чэнджэщкIэ, и жыIэкIэ щIалэгъуалэр еджапIэхэм ягъакIуэрт, хабзэхъумэ IэнатIэхэм ягъэувырт. Абыхэм я дэтхэнэ Iуэху щхьэпэри мыхъумыщIэри утыку кърахьэрти, еджапIэ, комсомол, колхоз зэIущIэхэм щытепсэлъыхьырт. ЩIалэгъуалэм я гъэсэныгъэм гулъытэшхуэ хуащIырти, гъуэгу захуэм тет щIэблэр нэхъыбэт».

Комсомолым и Лэскэн райкомым илъэсищкIэ щылэжьауэ, 1958 гъэм ГунжафIэр Дон Iус Ростов дэт Парт школ нэхъыщхьэм щIагъэтIысхьащ. ЕхъулIэныгъэхэр иIэу щеджащ абы, иужькIи апхуэдэ дыдэу зэфIэкI лъагэхэр къигъэлъагъуэу зыпэрыта IэнатIэхэр ирихьэкIащ. Зэман зэхуэмыдэхэм ар лэжьащ партым и Лэскэн, Аруан район комитетхэм я инструктору, Арщыдан жылэм Ленином и цIэр зэрихьэу щызэхэт колхозым и парткомым и секретару.

1964 гъэм ГунжафIэ Лъостэнбий ягъэуващ Арщыдан дэт курыт школым и директору. ИлъэсипщIкIэ абы щыIауэ къуажэ Советым и тхьэмадэ къулыкъур къыхуагъэлъэгъуащ, иужькIэ Арщыдан дэт Гъавэ хъумапIэм и унафэщIу лэжьащ. Абы къызэригъэпэщауэ щытащ Егъэджэныгъэ-производственнэ комбинат. 2003 гъэм, и ныбжьыр илъэс 70-м щIигъуа пэтми, лэжьыгъэ и пIалъэ фIыуэ зэрищIэм къыхэкIыу, ар Арщыдан къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэу ягъэуващ. А къулыкъум и ужькIэ зигъэпсэхуну тIысыжами, ар иджыри илъэс бжыгъэ куэдкIэ жылагъуэ Iуэхухэм хэтащ. Зэрытлъагъущи, а и илъэс 50 лэжьыгъэ гъуэгуанэм Лъостэнбий нэхъыбэу зыпэрытар унафэщI къулыкъухэрщ. Апхуэдэ дзыхьыр къыщIыхуащIыр и пщэ къралъхьэ сыт хуэдэ Iуэхури нэгъэсауэ зэрызэфIихырт, акъылыфIэу, жыджэру, гуащIафIэу зэрыщытырт.

ГунжафIэр зэфIэкI зиIэ лэжьакIуэшхуэу, унафэщI гумызагъэу зэрыщытам и зы щапхъэ къэтхьынщ. Арщыдан дэт Гъавэ хъумапIэм ар щагъэкIуам, IуэхущIапIэр щытыкIэ гугъум итт, иужьрей илъэс 20-м абы иIэ хэхъуэм нэхърэ хэщIыныгъэр куэдкIэ нэхъыбэт. Къапщтэмэ, 1982 гъэм ар иужьрей увыпIэм щыIэт. ХъумапIэр къэIэтыжыным къаруушхуэрэ гуащIэшхуэрэ хилъхьащ Лъостэнбий. И гугъуехьри хэкIуэдакъым: япэ илъэсым абы игъэхьэзыр жылэм и фIагъыр процент 80-кIэ хэхъуащ, къыкIэлъыкIуэм - процент 90-м нэсащ, 1985 гъэм республикэм ит апхуэдэ предприятэхэм я деж я лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэмкIэ япэ увыпIэр щиубыдащ. Илъэс 20-кIэ ехъулIэныгъэ зимыIа Iуэхущ IапIэм и дежкIэ ар икъукIэ ущIэгушхуэнт. «Гугъуехьым сыкъыпикIуэту, лэжьыгъэр IэхъуэгъуэтегъэкIыу сщIэуэ сесакъым, абы къыхэкIыуи дзыхь къысхуащIа Iуэхур зэрезгъэфIэкIуэным сыхущIэкъуущ дэтхэнэ си къалэнми сызэрыпэрыувар. Гъуазэ схуэхъун куэди си гъащIэм хэтащ. Си насып къикIат ныбжьэгъуфIхэр, лэжьыгъэ и пIалъэ зыщIэ IэщIагъэлIхэмрэ унафэщIхэмрэ си гъащIэм зэрыхэтамкIи. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Тэрчокъуэ Къамболэт, партым и райкомым и япэ секретару щыткIэрэ сызыдэлэжьахэу Дал Iэуес, Ансокъуэ Мухьэрбий, Хьэжмэт Iэминэ, Ахъмэт Мусэбий, КIуэкIуэ Валерэ, Жаным Руслан, Къандэхъу Мухьэрбий, Жэмбей Хъусен сымэ. Зыхэт гупым щапхъэ яхуэхъу а цIыху щэджащэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм куэдым утригъэгушхуэрт», - щыжиIащ журналистхэм ядригъэкIуэкIа псалъэмакъхэм ящыщ зым ГунжафIэм. И псэемыблэж лэжьыгъэм къыхэкIыу 1980 гъэм абы къыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр.

КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ пщIэшхуэ хуищIу щытащ ГунжафIэ Лъостэнбий. Лэжьыгъэ IуэхукIэ щIэх-щIэхыурэ Арщыдан кIуэрти, къуажэдэсхэми гуапэу епсалъэу яхэтт, Iэнэ къыхуащтамэ, тхьэмадэу Лъостэнбий игъэтIысырт. ГъащIэр фIыуэ илъагъуу, пэжым и телъхьэу, акъылыфIэу, дзыхь зэбгъэз хъун цIыхуу зэрыщытырт апхуэдэ лъытэныгъэр ГунжафIэм къыхуэзыхьар.

Лъостэнбий и цIэм сытым дежи щытхъур и гъусэщ. Ар зыцIыхуу щытахэм абы и фIыщIэр яIэт, псалъэ гуапэхэр хужаIэ. Сэбэп зыхуэхъуахэмрэ и дэIэпыкъуныгъэр зылъысахэмрэ куэдщи, дуней гъащIэм и псапэр къыщилэжьыжащ.

- ГунжафIэ Лъостэнбий куэдым сыхуигъэсащ икIи сыхуиущиящ, - жеIэ Лэскэн район администрацэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ промышленностымкIэ и управленэм и унафэщI Сэбаншы Аскэрбий. - Нэгъэсауэ цIыхугъэшхуэ зыхэлъ, акъылышхуэ зыбгъэдэлъ адыгэлI щыпкъэт ар. ЖыпIэнурамэ, сыткIи щапхъэ зытрахт. «Зы щытыкIэмрэ зы хьэлымрэ итщ» зыхужаIэр абы хуэдэт. Сыт щыгъуи цIыху пэжу, и гур зэIухауэ къэнэжырт, шыIэныгъэ иIэу, уи гукъеуэм къедэIуэфрэ чэнджэщ щхьэпэ къуитыфу апхуэдэт. Сэ срогушхуэ илъэс бжыгъэкIэ дяку дэлъа зэныбжьэгъугъэм.

Республикэм къакIуэ хьэщIэ лъапIэхэр яшэрт мэкъумэш хозяйствэ лъэщ зиIэ, сыт и лъэныкъуэкIи зэIузэпэщу псэу Арщыдан жылэжьым. Апхуэдэ хьэщIэ цIэрыIуэ куэд иригъэблэгъэну къыхуихуащ ГунжафIэм. ГъащIэм и унэтIыныгъэ куэдым фIыуэ хэзыщIыкI Лъостэнбий дэтхэнэми хуиту епсалъэрт, гъэщIэгъуэну абыхэм яжриIэнур и гъунэжт. Псом хуэмыдэу и унагъуэм куэдрэ щаIуэтэж космонавт Леонов Алексей я жылэм къызэрыкIуам теухуауэ ГунжафIэм мызэ-мытIэу зригъэдэIуа хъыбар гъэщIэгъуэнхэр. Абы и Iэр щIэдзауэ къарита сурэтыр тыгъэ лъапIэуи яхъумэрт.

ГунжафIэ зэщхьэгъусэхэу Лъостэнбийрэ Лерэрэ унагъуэ дахи зэдаухуащ. Илъэс 45-кIэ егъэджакIуэу лэжьащ Лерэ. ЩIэныгъэм и гъуэгум тришахэми зыхэта гупми ар я гум къинащ зи IэщIагъэм гукIи псэкIи бгъэдэта, сабийхэми и лэжьэгъухэми яхуэгуапэ бзылъхугъэ зэпIэзэрыту. «Сэ езым си гъащIэм егъэджакIуэ нэхъыщхьэу щызиIар си гуащэ Гуащэпсщ, - жеIэ Лерэ. - Гугъуехь куэд и нэгу щIэкIащ абы, ауэ къызэфIагъэщIакъым. Бзылъхугъэм къыпкърыкIын хуейхуабагъэмкIэ и унагъуэ жьэгур ипсыхьри, хабзэмрэ нэмысымрэ и бынхэр щIипIыкIащ. Хуабжьу цIыхубз Iущт, куэдым сыхуигъэсащ, абы и щапхъэм сытетуи си унагъуэр сухуащ, си бынхэри згъэсащ».

ЗэгурыIуэI, лъагъуныгъэ, пщIэ зи зэхуаку дэлъу зэдэпсэуа зэщхьэгъусэхэм узэрыгушхуэн щIэбли къащIэхъуащ. БыниплI яIэщи, дэтхэнэми гъащIэм и увыпIэ щызригъэгъуэтащ, зыхэтым фIыкIэ къахэщу апхуэдэхэщ. ЩIалэ нэхъыжь Аслъэн Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и агрономие къудамэр къиухащ, МЧС-м и IэнатIэм щолажьэ. Руслан КъБКъУ-м и экономикэ факультетым щеджащ, илъэс куэдкIэ УФ-м и МВД-м къулыкъу щищIащ, полицэм и майорщ. Ритэ Плехановым и цIэр зезыхьэ Урысей экономикэ университетыр къиухащ, КъБАССР-м СатумкIэ и министерствэм ревизору, нэгъуэщI къэрал IуэхущIапIэхэм бухгалтеру щылэжьащ. Мэри Ленинград дэт финанс-экономикэ институтым щеджащ, КъБР-м экономикэмкIэ, транспортымкIэ и министрхэм я къуэдзэу щытащ. Мы зэманым Республикэ перинатальнэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэм экономикэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэщ. ГъащIэм къыпызыщэ, фIым ухуэзыгъаплъэ щIэбли къащIохъуэ ГунжафIэхэ. Къуэрылъху-пхъурылъхухэри я нэхъыжьыфIхэм яхуэфэщэну къохъу, нэхъыщхьэращи, фIымрэ Iеймрэ зэхагъэкIыфу, гъэсэныгъэ яхэлъу апхуэдэщ.

ГъащIэм зыри зыфIэмыкIыфа зы хабзэ иIэщ. Дэтхэнэ цIыхуми дунейм зэман гуэр щытхухахауэ аращи, ар къэсамэ, ажалыр зыми къыхузэтегъэувыIэнукъым. Илъэс мэхъу ГунжафIэхэ я унагъуэм и тхьэмадэр - Лъостэнбий - зэрахэмытыжрэ. Гуауэм унагъуэ жьэгум зеиншафэ къытригъэуами, анэ гумащIэу абы къыдэна Лерэ быным я гур иримыуду и хуабагъэмрэ гуапагъэмкIэ ахэр къэкIуэнум фIыкIэ хуегъаплъэ. Абыхэм я гукъэкIыжхэм щыпсэущ я адэр, ягуми ар зыми хуигъэхунукъым.

- Ди унагъуэр сытым дежи хьэщIэкIуапIэт, - ягу къагъэкIыж зэкъуэшхэу Аслъэнрэ Русланрэ. - А зэманым щыIа лIыжьхэр нэгъуэщIт, я теплъэкIэ, зыIыгъыкIэкIэ уардэхэт, гъащIэм кууэ кIуэцIрыплъыф цIыху Iущхэт. Апхуэдэ нэхъыжь куэд ди адэм и деж къакIуэрт. Iыхьлым хуэдэут абыхэм дазэрыхущытыр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ зэхущытыкIэхэр иджырей гъащIэм хэтыжкъым. Ди адэм унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ цIыху гъэщIэгъуэнхэр и ныбжьэгъут. Ахэр я къулыкъукIи я IэщIагъэкIи зэхуэдэтэкъым. Апхуэдэу абы и ныбжьэгъуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу щыта Дэхъущокъуэ Мусэ, тхакIуэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, нэгъуэщI цIыху гъэщIэгъуэн куэди. Ауэ абы щхьэкIэ пагагъи зыкъыфIэщIыжыныгъи хэлътэкъым, и цIыхугъэ цIэрыIуэхэри къигъэсэбэпу и Iуэху дигъэкIынуи зэи хэтакъым. Апхуэдэ дыдэуи и бынхэри дигъэсащ.

- Ди сабиигъуэр таурыхъым хуэдэу екIуэкIащ, зэхущытыкIэ дахэ зэрылъ, насыпыр щытепщэ унагъуэ зэгурыIуэм дыкъыщыхъуати, - къыпащэ псалъэмакъым зэшыпхъухэу Ритэрэ Мэрирэ. - Ущииныгъэ псалъэмакъ зэшыгъуэхэр ди адэм зэи къыддригъэкIуэкIакъым. АбыкIэ езыр щапхъэ тхуэхъурт. Нэхъыжьым дызэрепсэлъэн хуейр къыджаIакъым - дэ тлъагъурт ди адэр абыхэм зэрахущытыр. Анэм худиIапхъэ щытыкIэми дыхуаущиякъым - ди нэгум щIэкIырт ди адэмрэ ди анэмрэ ди анэшхуэм хуаIэ лъагъуныгъэр. Нобэми абы я щапхъэр ди гъуазэу допсэу.

КъБР-м и Правительствэм илъэс куэдкIэ щылэжьа Мэри къулыкъущIэшхуэхэм и адэм къыхуаIа пщIэр и щхьэкIэ игъэунэхуащ.

- Лэжьыгъэ IуэхукIэ сызрихьэлIа унафэщIхэм, си адэр хэтми къащIа нэужь, я нэгур зэлъыIукIырти, къызэфIэувэрт икIи абы хуегъэза псалъэ гуапэ куэд зэхызагъэхырт. Сэ абы гушхуэныгъэ къысхилъхьэрт, апхуэдэ адэ сызэриIэми срипагэрт. Лэжьыгъэ гъуэгуанэ кIыхь къызэзынэкIа си адэм хузэфIэкIащ езыр щыпсэуа жылэми IуэхукIэ зыпыщIауэ щыта дэтхэнэми я гум фIыкIэ зыкъригъэнэжын. ГъэщIэгъуэнращи, абыхэм яхэтт илъэс 20 - 30 хъуауэ ар зымылъэгъуахэри. Абы и пщIэм и жьыр и бынхэм ноби къытщIеху. Ди адэм хузэфIэкIа псор зэдмыгъэхъулIэфми, хуэфэщэну дызэрыщытыным дыхущIокъу и щIэблэр, - жеIэ Мэри.

ГунжафIэ Лъостэнбий и цIэр къытенащ дунейм, и щIэблэм, и IуэхущIафэ къызэринэкIахэм я гъусэу. Абы и фэеплъ нэхур и унагъуэм и мызакъуэу, ар зыцIыхуу щыта псоми яхъумэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**



Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр щагъэлъапIэ зэIущIэм хэтщ.



МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

*(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№37 - 38-хэм итщ.).*



МэшбащIэ Исхьэкъырэ Михалков Сергейрэ. *1959 гъэ*

- УмыпIащIэ зэ, хьэжы, - ХьэтIохъущокъуэм къегъэувыIэ бжьыхьэ кIуам Чэбэм къикIыжа Къэсей. - Унафэ къатщтэрэ хасэр зэхуэтщIыжмэ, пщIынщ дыуэр.

- Алыхьым и цIэр зыщымыгъупщэ уэ апхуэдэу щыпфIэкъабылкIэ, дипщ, уэ зэрыжыпIэщ...

Къэсей хьэжым и щытхъур ХьэтIохъущокъуэ пщым и тхьэкIумэм блигъэцIэфтри, зи псалъэр зэпауда уэркъым щыхуеплъэкIыжым, нэбгъузкIэ къипхъуэтащ мэжджытым къыблэкIауэ утым къыхуэкIуэ шур. Пщы уэлийм къицIыхуат и шугъусэ уэркъ щауэм и шыфэлIыфэр. БжьыхьэлI Мусэ жыжьэу епсыхщ, пежэжьа щIалэ цIыкIум шхуэмылакIэр IэщIилъхьэри, лъэбакъуэхъу псынщIэкIэ утым къыхуиунэтIащ. «Сыту пIэрэт?..» - зэупщIыжурэ плъэрт ХьэтIохъущокъуэр. Бахъэр къызыщхьэщих Iэнэ хъурейхэр зэIэпызых щIалэгъуалэм къапхыкIщ, гуп зэхэтхэм фIэхъус иту, и щхьэр яхуищIурэ къаблэкIри, БжьыхьэлIыр Кургъуокъуэ и пащхьэм къыщыувыIащ:

- Зиусхьэн! Къэбэрдейм щхьэлъащIэ зезыхьэу ис бзылъхугъэхэм я цIэкIэ, пщы уэлий гуащэ Нэрынэ хасэм сыхуегъэлIыкIуэ...

- ЖыIэ, БжьыхьэлI и къуэ, укъызытекIухьар. Хасэр къодаIуэ.

- Къэбэрдей бзылъхугъэхэм я лъэIущ: «ХьэтIохъущокъуэ пщы уэлий! Уи цIэр, уи лIыгъэр, нобэрей пщы хасэм къищтэну унафэр фIыгъуэкIэрэ тхыдэм хэухьэ! Алыхьу лъапIэм долъэIу сыт хуэдэ унафэкIэ хасэр зэхэмыкIыжми, адыгэм и фIыгъуэ абы къытхуздихьыну! Иремахуэ, иредакъикъэ а лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ фыщихьэну уахътыр - ди фIэщхъуныгъэр фи афэ щIыбагъщ!» - жиIэри БжьыхьэлIыр иувыкIыжащ. Хасэр щымт.

ХьэтIохъущокъуэр хуэмурэ къэпсалъэри:

- Адыгэ хасэм къыбгъэдэкIыу ди шыпхъухэм фIыщIэ яхудощI. Догъэгугъэ дакъызэрыщыхъу дахуэхъуну. ГуащIэрэ псэкIэ дызыщымысхьыжу бийм щытхъумэнур ди бынщ. Ахэр къэзылъхуа анэхэм я сабий ямыгъеижын папщIэ деблэжынкъым дилъ. Бзылъхугъэу щыIэр я быным гу щахуэу жьыщхьэ махуэ хыхьэн ухъу.

- «Алыхьым жиIэмэ», жыIэ. Алыхьыр щIыгъу, зиусхьэн, - Къэсей хьэжым и дыжьын башыр уафэмкIэ ишийурэ пщы уэлийм йоплъ. - Алыхьым и Iэмыр хэмылъу, мы дуней нэпцIым зы мэскъал щызекIуэркъым, жэмыхьэт! Алыхьыр фигу ивгъэлъ. Нэмэзыр, андезыр зыщывмыгъэгъупщэ!

- А зи гугъу пщIы Алыхьым ищIэркъэ кърым муслъымэнхэм ди фэм ирахыр?! Илъэс къэс дахъунщIэ, дафыщI, ди бынхэр ираш! Ахэр муслъымэнкъэ? - жыжьэу къэкIиящ зы лъхукъуэлI щIалэ.

- УвыIэ, Iиманыншэ, зышыIэ! ДыкъэзыгъэщIам апхуэдэу хуэпсалъэркъым! - и макъ псыгъуэр нэхъри икIауэ зэхъунщIапэ иджы Къэсей хьэжым.

- КъурIэным кърипъэзэгъэрэ муслъымэным илъ муслъымэным игъэжэну? - къокIий зыр.

- Хьэрыпыбзэм хуэхейм КъурIэным итым сыт хищIыкIрэ? - педзыж адрейм.

- Мыбы жаIэхэр... Мыбы къапсэлъхэр! - и гур ехуэхауэ мэIущащэ Къэсей хьэжыр. Арыххэуи, «хьилэри акъылщ» жыхуаIэрати, зыкъытрегъэхуэжри:

- Пэжщ, пэж дыдэщ жыфIэр, си къуэш муслъымэнхэ, Кърым тэтэрхэр дэ дэщхьу ислъам диным итщ. Ауэ дин хабзэхэр абыхэм зэрагъэпудыр Алыхьым къахуигъэгъунукъым. Яригъэпшыныжынущ, гува-щIэхами. Абыхэм я гуэныхь-хьэзабыр жыхьэнмэ дакъэщ. Алыхьыр щыхьэтщ. ПцIы супсмэ, мо мэжджытыр зыухуа ХьэтIохъущокъуэпщым сыкъиумысынщ.

Кургъуокъуэ куэд щIауэ есэжат Къэсей хьэжым и уаз Iэпэхъым. Иджыпстуи арэзыныгъэ хэлъу, Къэсей жиIэхэм и щхьэр дищIурэ зыщхьэщигъэкIри, псэлъэну къыдэкIа уэркъыр псоми яригъэцIыхун папщIэ, и цIэмкIэ зыхуигъэзащ:

- Къытхуэгъэгъу, Жанхъуэт. Уи псалъэхэр зэпыдудат. ЖыIэ.

- ЖысIэращ-тIэ, - къэкIуэтащ Шурдымри. - Хасэм дыщогугъ унафэ пэж къищтэну. Ауэ сытми Уафэбгыкъу лъапэ щIэс лэгъупэжьхэм гъэлъэхъу пшэрхэр Iыхьэу фхухахат? Мыдэ... сэ сыщIэгузавэм теухуауэ мы хасэм зы псалъи щыIуакъым. Зи гугъу сщIыр - Шэрджэс Ипщэм ис ди къуэшхэу Кърымыр зи лъахэ гъунапкъэхэм сыт ягу илъыр? «Унэвым уеуэмэ, мэзывым и бжьэ мэхьей» - жи... Беслъэнейм, КIэмыргуейм, Бжьэдыгъум, Жанейм исхэр адыгэщ - пщыуэ, уэркъыу, лъхукъуэлIу. Абыхэм ящIэркъэ кърым тэтэрхэм дилъ зэрырафыр?! Къыткъуэувэну ахэр? А упщIэм и жэуапым дыщигъэгъуэзэну дызыщыгугъыр фэращ, пщы хасэ!

ПщIэшхуэ зиIэ Шурдым Жанхъуэт псэлъэн щиухым, ХьэтIохъущокъуэм, нэмыс хэлъу лIыжьым зыхуигъазэурэ:

- Жэмыхьэт лъапIэ! Пщы здэщыхасэм, унафэр щасеижкъым. Тщыгъупэщауэ аркъым Шэрджэс Ипщэм ис ди лIакъуэгъухэр. Дауи, зыщыдгъэгъуэзэнущ ахэр ди Iуэхум зэрыхущытым, жэуапри фэдгъэщIэнщ. Аращи, нобэрей пщы хасэм унафэ къищтэну игъуэщ. Зытедухуар утыку щигъэIуну и пщэ идолъхьэ Къэзанокъуэ Жэбагъы.

- Псалъэ, Къэзанокъуэ!

- Сыпсалъэмэ, кIапсэм и кIыхьыр фIыщIи, псалъэм и кIэщIыр нэхъыфIыжщ... Ди хэкурэ ди нэрэ къеIэ бийм и псэм еIэжыну хьэзырым къамэр иIэтынщ, тхьэрыIуэ дамыгъэу!

Хасэм къекIуэлIа лIы пщIы бжыгъэ зыбжанэм я къамэхэр щызэдаIэтым, уафэ щIэплъыпIэм, маисэщхъуэ задэу, къыщIэуващ гъущIыпIэ мэIуху. Къэсей хьэжым къамэ къыздрихьэкIыну диным къезэгъыртэкъыми, и дыжьын баш цIыкIур псыпсу уафэм худрихьеящ.

- Жэмыхьэт, андез къэзыщтахэми, андезыр зымыIыгъхэми, зыжьэу «Iэмин!» жыфIэ. Алыхьыр ди щыхьэту къэтщта унафэр къабылу тIихын папщIэ, «КъулъхуолIэ» лъапIэр къэдбжынщ. Дэтхэнэ зыми и псэм щыщ Iыхьэщ а тхьэлъэIу-духьэ лъэщыр!

Къэсей хьэжым дыуэ ищIри, ХьэтIохъущокъуэ пщы уэлийм и жыIэкIэ, псори иригъэблэгъащ шэджагъуашхэ Iэнэм.

### IV

**1708 гъэ. ЩIым и шылэ мазэ. Истамбыл сулътIаным и уардэунэ Топ-Капэ.**

БОСФОР хыдэжымкIэ дыгъуасэ лъандэрэ къежьэпщауэ щIыIэр кIащхъэ хъуурэ увыIэрт. Шэджагъуэ нэмэзым и уахътыр икIри, къалащхьэр къызэщIэрыуэжат вэржьэр макъ зэхуэмыдэу. Дунейр зэхэуфа щхьэкIэ къамыгъанэу, тырку бэзэрым тет сатуущIхэм хьэпшып цIугъэнэхэр кърагъэувэкIат.

Хэт кхъухькIэ, хэти чэруанакIуэу хы адрыщIым къикIа сондэджэрхэр Истамбыл бэзэрым тезщи, хьэпшыпхэр зэIапщIыкI, зэрагъапщэ, уасэм щIодзэ: уэру щахуэхэм хукIэрагъэху хабзэщ. ЩIэупщIэшхуэ иIэщ дарийм, къэдабэм, данэм, алътесым. ЩэхуакIуэхэр я куэдщ IэщэкIэ сату зыщIхэми: къамэхэм, тыркусэ къуаншэхэм щIэупщIэшхуэ яIэщ; лъапIэу ящэху тырку IэщIагъэу щIагъщIэлъ щабэ пIащIэр, щхьэфIэпхыкI къуэлэнхэр, щхьэтепхъуэ бгъуфIэшхуэхэр. Дуней иным лъэпкъ лIэужьыгъуэу тетыр щызэхуэсам ещхьщ Истамбыл бэзэрыр. ЦIыхухэм я бзэ тэмэму зэрыщIэркъыми, тэрмэшми жьыIурыхьэгъуэ имыгъуэту зэридзэкI щхьэкIэ, нэхъыбэм IэпэтэрмэшкIэ пIалъэ зэращIылIэри зэбгъэдокIыж, пщэдейпщэдеймыщкIэ мыбдеж дыдэм щызэIущIэн папщIэ.

Ерыскъыпхъэ щащэ сатырхэми цIыхур щыIувщ: пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуа, хадэхэкI гъэгъуа-шыуа, кхъуей лIэужьыгъуэхэр, лы, IэфIыкIэ, дэ цIыкIу, щIакхъуэ IэфI зэтеупIэщIыкI - хэт сыт хуейми, хьэмбырэбову тезщ дапхъэхэм. ДэщIеящ лы щапIэхэр. Шей, псы, IэфIыкIэ зыщэхэр сатыр зэхуакухэм щызэблокI, зым адрейр пэджэжу я ерыскъым щытхъупсыр кърагъэжэх. Бэзэр жыхуаIэращи, зэховэ-зэхожьэ: зым ещэ, адрейм къещэху...

Истамбыл и уэрамдэкIхэм зыгъэзапIэ имыIэу гу зэмылIэужьыгъуэхэр щызэтрехьэ: щхьэ зытелъ гулэгъунэ лъагэ зыкъизыххэм къахозэрыхь шыд пэху бэлацэжь цIыкIу зыщIэщIа шыдыгу фейцей хьэлъафIэхэр. Абыхэм яку, лъэувыпIэ къалъыхъуэу, щызэрызокъуэ хьэлъэзехьэхэр. Мыбыхэм, хэт и плIэм дэлъу, хэти и щхьэм тету, сондэджэрхэмрэ зэхэзекIуэхэмрэ къащэхуар кхъухь тедзапIэм ялъэф. А псоми пIалъэ-пIалъэкIэрэ къащхьэщогъуагъуэ Азиемрэ Европэмрэ зэпызыщIэ Босфор щызэблэкI кхъухьхэмрэ кхъуафэхэмрэ я бжьамий зэпэджэр.

Иджыпстурей Истамбылыр, лIэщIыгъуитIрэ ныкъуэрэ ипэкIэ, КъуэкIыпIэ Византием и къалащхьэу щытат, «Константинополь» и фIэщыгъэу. Иджы зейр Тыркуращи, муслъымэн щIыналъэм зэрыщыхабзэу, нэр зыIуплъэр - мэжджытыщхьэрэ уафэ ныбэм зыщIэзышие азэн джапIэрэщ. Залыму лъэрызехьэщ Уэсмэн къэралыгъуэр - зыхуейр егъэблагъэ, игу иримыхьыр - егъэбийри йозауэ. Уэсмэн тетыгъуэм хамэIэкIэ шыпсыранэ Iэзэу епщIэ: зи пщэдыкъ дэс кърым тэтэрхэмрэ тыркухэмрэ и шэпэIудзурэ фейдэ къызыщIихузыкIыр шэрджэс лъэпкъхэм я Iулъхьэ-тыхьым и закъуэкъым. Мыр щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щощакIуэ, щIыпIэ зэмыщхь куэдыщэм хьэкIэтеуэ къыщызэрегъэпэщ.

КЪРЫМ хъан Къаплъэн-Джэрий махуищ мэхъури Истамбыл дэсщ, сулътIаным щриджэнум пэплъэу. СулътIанри пIащIэркъым, махуэм къилъхур и пщэдейуэ, пIалъэр махуэ къэс егъэIэпхъуэ. ФIыгъуэр дэлъщ Истамбыл, Топ-Капэ уардэунэрщи - дуней жэнэтщ, ауэ сулътIаныр зэрымыпIащIэм гурыщхъуэ иригъэщIащи, хъаным и ни, и пи къихьыркъым. «КIэлъэф Iуэхугъэфщ» жи, пщIэгъуалэкъым, дауи, абы къыхудэкIуэнур. Мышхэж-мыжейщи, мэумамэ Къаплъэн-Джэрий.

ЗылI и Iыхьэ и нэгу щIэкIащ хъаным. ГъащIэ и пIалъэ щыгъуазэщи, шэч трещIэж и щхьэкIэ езыр апхуэдизу зыхуэпэж сулътIаным иджыпсту кърипэс хабзэншагъэм. СулътIаным и «гулъытэншагъэм» щхьэусыгъуэ иIэт. Ауэ сытми щхьэусыгъуэт ар? Хъаным и щхьэр къызэщIовэ, ар игу къридзэмэ: псомкIи къуаншэр шынэхъыщIэ Менлы-Джэрийщ. Хъаныр и пIэм щызагъэркъым, лъэбакъуэ кIэщI-кIащхъэу пэшыр зэхекIухь: «Сэри сыкъуэншащ. Дигурэ ди щхьэрэ зэтелът-тIэ... Менлы-Джэрийт зауэ зищыпэлъагъур! ИтIани, Къэбэрдейм ди пыIэкур къыщраудащ. Зы жэщ закъуэм мырзэ нэхъыфI зыбжанэ адыгэхэм щалIым, ди шупашэр къыщIэцIывэжат! Ахьмэд сулътIаным и фIэщ хъуну зи зауэлIи, зи щхьи къэрабгъэр? Дауэ сулътIаным и нэм сызэрыщIэплъэнур иджы? ЖесIэнури сыт? ЗэкъуэшитIри арэфу дыкъуаншэщ... Сытыт ар щIэ тIур?.. Шэрджэсым мыхьэнэншэу зыкъыщезыгъэукIа Шэхьбэз-Джэрий сыткIэ нэхъыфIт? Ей-ей, лIы Iущт ди адэ Сэлым-Джэрий! Зэмыпыууэ диущийрт: «Адыгэхэм сакъыу запэфIыгъ, я хьэдэр телъу мыхъумэ, щIы IуэгупIэ къафхутехынукъым, псэ япытмэ. Iулъхьэ тыхь, жыфIэу я къурмакъейм фыщIэмыгъуалъхьэ, фи лIыгъэ фемыплъыжауэ, адыгэр къыщевмыгъэтхъ. Езыхэр зэрызэхущIэуэжым зевмыгъэгъапцIэ - ем деж зэшщ ахэр. НэгъуэщI Iэмалхэр къыщIэфIукIыурэ я адыгэ хабзэмкIэ факъыпекIуэкI. Апхуэдэу къапывмыхыфар - IэщэкIэ къыфхуэзэунукъым. Зыщывмыгъэгъупщэ: «Адыгэ нэмыс - урыс насыпщ» щIыжаIэр...» Дапщэрэ къыджиIэрэт ар ди адэм. Дауи тщыгъупщат абы и чэнджэщыфIхэр?..»

Адэм и псалъэхэр зэригъэзахуэурэ, Къаплъэн-Джэрий дэплъырт тенджызыр зи IуплъапIэ щхьэгъубжэ зэIухам. Хъаныр щIэдэIурт сулътIан уардэунэм и Iэуэлъауэм: зэми бжэ кIыргъ макъ и тхьэкIумэм къицырхъэрти, зыгуэр къеплъакIуэ къыфIэщIауэ, ар къызэплъэкIырт, арщхьэкIэ щымт хъуреягъыр - къыфIэщIу арагъэнт...

Тенджызыр мамыр Iущабэт, Босфорыр уардэу къыпэщылът Къаплъэн-Джэрий. Зэблэпщырт кхъухь абрагъуэхэр, кхъуафэшхуэхэр. Бдзэжьеящэ кхъуафэжьеижь цIыкIухэми, гъатхэ пэплъэу, хыдэж Iуфэм зракъузылIэрт.

ЩIымахуэ шылэ хуабэпцIым къигъэбырсея хы тхьэрыкъуэхэр бдзэжьеяшхэу хыдэж щIэплъыпIэм щызэхэзеуэ щхьэкIэ, я кIий макъыр зэхэпхыртэкъым. Жыжьэт ахэр.

Хыдэж щхьэфэм и нэр тедия щхьэкIэ, хъаным и псэр Кърым жыжьэм щызекIуэрт, и нэгу къыщIыхьэрт Чурук-Су псым къыщхьэщыт къурш IупщIакIэ абрагъуэхэр. И нэгу щIэкIыжырт Бахъшысэрей, езым и унэшхуэр. Игу IэфIу щыхъэрт Истамбыл къежьэн ипэ Алсу щигъуса жэщ закъуэм и теплъэгъуэ кIэщIхэр. Арыххэуи, щIыкIафIэу хьэуам хэту блэсыкIырт... Налмэс!

«Зым хуэмыфI хьэдырхэ кIуэркъым» жыхуаIэу, Менлы-Джэрий мыуэф-мыщтэфым а щыгъэху ткIуэпс закъуэр къыздысхуришат Къэбэрдейм. Апхуэдизуи седыджэкIын хуеякъым си шынэхъыщIэм. Пщащэм и закъуэкъым. Менлы-Джэрий абы щыгъуэ къиша щIалIэ, хъыджэбз цIыкIу зыбжанэм фейдэ хъарзынэ къащыщIэтхат Истамбыл гъэрщапIэхэм. Налмэс иджы къыздэсшатэмэ, Ахьмэд сулътIаныр, дауи, и сом еблэжынтэкъым! НэхъыфIщ къызэрызмышари: махуэ дапщэ хъуауэ сызыпигъаплъэрэ езым псэгъэбампIэу... Армырами зытесфыщIэжащ - дапхуэдиз мылъку саугъэту къыхуэслъэфар, дыжьын IэпслъэпскIэ зэгъэпэща адыгэш бэлыхьым и гугъу умыщIыххи! КъэбэрдеишкIэ умыджэгу - ар хэти ещIэ. Мыдрейуэ, махъсымэ фэндырэрэ дыжьынIущIэ зэта къурш ажэ бжьакъуэрэ. Ирефэ. Ирешхэ. И щхьэгъусэ адыгэпхъури Iыхьэншэ сщIакъым: си гуфIакIэ жыпым илъщ налмэс, мыщIэм къикъутэу, тхьэгъу-Iэлъын. СулътIан гуащэр пщамэ, къыщIэкIыххэнутэкъым апхуэдэ...»

*(КъыкIэлъыкIуэнущ).*




● Псалъэжьхэр

## Бжьэ зыдэс фо дещIэ

♦Лъакъуэ зышхыр щхьэ шхыгъуи йохуэ.
♦Мыгъуащэрэ щымыуэрэ щыIэкъым.
♦Хейм гъуэгу егъуэт.
♦МафIэм и гъунэгъу лыр мажьэ.
♦Бжьэ зыдэс фо дещIэ.
♦Гъатхэ уафэ гъуанэщ.
♦Гъатхэм тумысар бжьыхьэм къытепхыжыркъым.
♦Джэдым джэдыкIэр и гуащIэщ.
♦Куэд жызыIэ нэхърэ - куэд зылэжь.
♦Мылэжьэф щхьэусыгъуэ и куэдщ.
♦Насыпыр пщэдджыжьым ягуэш.
♦ПщIэнтIэпс пщIэншэ хъуркъым.
♦Псым хэлъ мывитIрэ пэт зонтIэIу.
♦Хейм и лъыр хамэм ещIэж.
♦ЦIыху зыпI цIыху уасэ хон.
♦ШкIахъуэ пэтрэ нэхъыжь яIэщ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



«Победа» кинотеатрыр.
*Сурэтыр 1965 гъэм трахащ*

● Къуажэхьхэр

### Умылъагъуу къакIуэ

♦Уи куэд щхьэкIэ,
Зэи лей мыхъу.

♦ЦIыхур зыгъэлъапIэ,
ЛъапIэу щыIэм ефIэкI.

♦Умылъагъуу къакIуэ,
КъэкIуамэ, къыптекIуэ.

♦Гуарцэр щыжьэражьэ,
Мэжаджэр щагъажьэ,
Зи щыгур Iугъуэ.

♦Бжыхьым и зы Iыхьэ,
Iыхьэ Iуахырей.

♦УпщIэ гъэщIэгъуэн,
Зи жэуапыр къэщIэгъуей.

♦КъуакIэм удэмыхьэу
КъуакIэм удэзыш.

♦Зи кIэр зылъэф,
Тафэм пхралъэф.

ЖЭУАПХЭР:

Ахъшэ. Акъыл. Жей. Жьэгу. Куэбжэ. Къуажэхь. Лъэмыж. Мастэ.

*Зэхэзылъхьар* **ЩОДЖЭН Леонидщ.**

● Тхыгъэ кIэщIхэр

## Урысыбзэ фIэкIа зымыщIэ адыгэ дапщэ щыIэ!

ЦIыхухэр сыту дытхьэмыщкIэ! Дызэхуэгуапэу, дызэщыгуфIыкIыу дыпсэуным и пIэкIэ, дунейм дымылIэжу дытетын хуэдэ, дызобий, дызозауэ, дызэроукI. ЦIыхум фIэкIа, псэущхьэ щыIэкъым и псэукIэм, и хабзэм текI. Блэри дыгъужьри я хабзэм къытонэж, цIыхур блэи дыгъужьи мэхъуф. Абы щыгъуэми акъыл зиIэр цIыхум и закъуэщ. Плъагъурэ ар «зэран» зэрыхъу.

* * *

Сабийхэм щхьэкIэ утхэныр Iуэху тыншу къэзылъытэр щоуэ. Чуковский Корней зэрыжиIащи, усакIуэфI дыдэхэми мымащIэу яхэтщ ар къызэмыхъулIэ.

* * *

Бзэм лей тебгъэхьэнри лъэпкъым и лъабжьэр къэптIынри зыщ. «Бзэр - лъэпкъырщ», - жиIэрт Достоевскэм. ФIымрэ Iеймрэ зэрызэпекъур бзэрщ. Бзэр зымыщIэм лъэпкъым и хабзэри, и дуней тетыкIэри, и хьэл-щэнри нэсу ищIэнукъым. Бзэр псэухущ лъэпкъыр зэрыпсэур.

* * *

ЦIыхум и акъылыр зыхуэдэм елъытащ и гупсысэкIэри, и гупсысэкIэм хуэдэщ и псэлъэкIэри.

* * *

ЩIэщыгъуэр къаруушхуэщ, абы уи гъащIэм хегъахъуэ. ЩIэщыгъуэ щымыIамэ, гъащIэр ехьэкIыгъуей хъунут.

* * *

Ущалъхуа адэжь щIыналъэм упэIэщIэ, ухуэзэш хъуамэ, гуапагъэ инкIэ уигу къокIыж фи куэбжэпэм деж щылъ мывэжь нэгъуни.

* * *

Хамэхьэм зэи дзыхь хуумыщI: ар уи пщIантIэ щыбгъашхэми, и ныбэр из зэрыхъуу, и пщIантIэ кIуэжынущ, ар ихъумэну.

* * *

Адыгэ цей зыщыгъ негр плъэгъуа? Адыгэ уэрэд жызыIэ франджы ухуэза? Адыгэбзэ фIэкIа зымыщIэ урыс урихьэлIа? АтIэ, урысыбзэ фIэкIа зымыщIэ адыгэ дапщэ щыIэ! Абы къикIыр уи бзэр IэщIыб пщIыуэ, ууейр хыфIэбдзэу нэгъуэщIым ейр къэпщтауэ аращ. Ар лъэпкъыр кIуэдыжыным хуэзышэ гъуэгущ.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**

# Архъуанэ

*Iуэтэж*

Си унагъуэр си гъусэу тенджызым дыкъикIыжу, жейр къыстегуплIапэ щыхъум, гъуэгубгъум Iут жыгхэм сахэплъэу щIэздзащ, нэхъ жьауапIэ гуэр къыхэсхыу тIэкIу зызгъэпсэхуну. Машинэм нэхъ хуэм зезгъэщIауэ дыкъыздэжэм, губгъуэм ита лэжьакIуэхэм ди гъуэгур жэрыгъэкIэ зэпаупщI, хэт гуахъуэ, хэти жыг къудамэ къыгуэщIыкIа яIыгъыу. Сэри машинэр къэзгъэувыIэри, цIыхухэм яужь сиуващ, зы гузэвэгъуэ гуэр къэмыхъуамэ, мыхэр апхуэдизу зэрызехьэу щIэпхъуэнтэкъым, жысIэри.

Гъуэгум ибгъу лъэныкъуэр джабэ нэкIут, мэкъупIэу, мыдрей лъэныкъуэмкIэ псы зэрыщIагъэлъадэ кIэнауэшхуэ ехырт, къыщыпкIыу псы изу. Абы и Iуфэрт гъуэгум къызэпрыжхэр зэрыгъэкIийуэ зэжэкIыр.

Сынэсрэ псыежэхым сриплъэмэ, щхьэ фIыцIэ цIыкIуитI къызолъагъу, зэпэмыжыжьащэу. Гужьеяхэщи, гуахъуэ хуашийми, къуацэ хуашийми къызэрыIэбэн ящIэжыркъым, псыгъуагъуэм нэсынми къэнэжар зымащIэщ. Псы Iуфэр зыIыгъыу ежэххэр зэрогъэкIий, армыхъу апхуэдиз цIыхухъум зы къахэкIыркъым псым зыхидзэну, цIыхубзхэр зэщIогъуагэ, зи щхьэцыр къизыфыщIыкIыжи яхэту... Сызэрыжэм хуэдэурэ, сщыгъыр зыщыздзу псыIудзэ лъагэм сыщежалIэм, цIыкIуитIри, я щхьэхэр къыдэуейеухыжу, архъуанэм ирилъафэрт.

И пIэм икIэрэхъухьыжурэ зызышхыж псыр, зэрыджэгун къигъуэт закъуэмэ, зыIурилъэфэну хьэзырт. Псы Iуфэм сыздежэкIым зэрызэхэсхамкIэ, илъэситI зэкIэлъыкIуэм абдеж цIыхуищ щитхьэлат, арауи къыщIэкIынт псым хэлъэну зыри щIытемыгушхуэри. Сызэрыжэм хуэдэурэ зездзыхри, зи толъкъун шынагъуэхэр бетон нэпкъым къезауэ архъуанэм и куэщIым сыкъихутащ. Сымышынэу апхуэдэ псы шынагъуэм сыщIыхэлъам щхьэусыгъуэ иIэт: сэ Тэрч Iуфэ сыкъыщалъхуат, арат си щIалэгъуэр щысхьари, абы и архъуанэм сыщесат, псы кIэрахъуэм и щэхухэми мыIейуэ сыщыгъуазэт.

Архъуанэм сигъэкIэрахъуэурэ сыкъыздрихьэкIым, псым итхьэлитIым я зыр зэрынэхъ цIыкIум гу лъызотэ, мурад сощI ар къасщтэу къыхэздзыну. Къарууэ сиIэр зэщIызогъэуIуэри, псы кIэрахъуэм сеныкъуэкъум-сеныкъуэкъуурэ, гъунэгъу сызыхуэхъуар зэщIэзубыдэу псым къыщыхэздзым, и IитIымкIэ си щхьэр фIеубыдыкIри псым сыщIеIу. Арат зыхуеиххэр архъуанэжьри, дызэрыIыгъыу дыщIеIубэ, дигъэкIэрахъуэурэ ди пэнцIывхэр бетон лъащIэм тхущехъуэ, дыкъыхедзыж, аргуэру дредзыхыж. Ди насыпти, псым и щIагъым зы хуэмыпIэ гуэр къыщызогъуэтри, мэлхьэпIатэм хуэдэу зыкъыскIэрызыукIар зыкIэрызотхъ, зыкъыщIызогъэмбруукIыжри, ар псы Iуфэм Iутхэм къахузоший...

ЕтIуанэр а къыхэсхыжам нэхърэ тIукIэ нэхъ пIащэ хъунт, абы сызэщIиубыдэмэ, тIури псым дитхьэлэнут. Ар къысхухэмыдзынум тызоухуэри, мурад сощI и щхьэцыр субыду къыхэслъэфыну. Арати, зэ фIыуэ собауэри, аргуэру зыхызодзэж архъуанэм. Нэпкъым еуэу къигъэлъеиж толъкъунхэм зыкъысхуратIэ, зыр тIэщIэптхъыжащ, етIуанэм щхьэкIэ щхьэ къытебгъэзэжыхха жыхуаIэу. ЕрыщагъкIэ сатокIуэри, толъкъунхэм къатесхыжыр щхьэцыкIэкIэ къызолъэфажьэ. СакъыIэщIокI щыжысIэм, тIури толъкъунхэм дызэкIуэцIапхэ кIапсэ минкIи, архъуанэ лъащIэм дыкъыщохутэ. Абы щызэпызоч сызэрапхауэ хъуари, псым сыкъыIэщIокI. Ныджэм щхьэцыкIэкIэ къеслъэфэлIар зэщIэгъуагэу щытхэм сIэщIач. Абдеж си гум уэху жиIэжати, сэри псы Iуфэ удзыпцIэм сыхэджэлащ...

ТIэкIу зызгъэпсэхуу сыкъыщытэджыжам, къыхэсхыжаитIым псыуэ ирагъэхар къыжьэдагъэжыжри къагъэтIысыжауэ щыст.

Псы Iуфэм Iутауэ хъуар къызэжащи, псалъэ гуапэу къызжамыIэр укIуэдыж, дыщэкIэ саблэну жызыIэхэри яхэтщ. Сэри, щIалитIыр къызэрелам нэхъ фIыгъуэ сыхуейкъым жызоIэри, сыкъожьэж, гужьеяуэ кIэнауэ Iуфэм Iута си бынхэмрэ си щхьэгъусэмрэ зыщIызогъужри. СыкъызэрыIукIыжыр щалъагъум, зы щIалэ къыскIэлъожэ.

- Тхьэм щхьэкIэ, нэгъуэщI мыхъуми, узыщыщыр къыджеIэ, - жи.

- Сыадыгэщ, - изот жэуап, абы си гур ин ирихъууи, машинэм сыкъотIысхьэж. Дыкъызытехьэжа гъуэгур иджы сэ апхуэдизкIэ тыншу къызэпытч къысщыхъурти, пщIэнтэкъым псэзэпылъхьэпIэм сыкъикIыжауи, сыхьэт ныкъуэ и пэкIэ жейм срищIыкIыу щытауи.

**IЭЩЫЖ Борис.**

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

### Дзасэкlэ гъэжьа былымыл Iыхьэхэр

Абы щхьэкIэ нэхъ къащтэр былымыл нэхъ щабэщ. Лыпцlэр яупщlатэ и кlыхьагъыр см 11-12, и бгъуагъыр см 6, и Iувагъыр см 2-2,5-рэ хъууэ. Ахэр фалъэм иралъхьэ, шыгъу, шыбжий халъхьэ, бжьыныщхьэм ипс къыщIэкъуэзыкIар хакIэри, фIыуэ зэIащIэ. И щхьэр трапIэри, дакъикъэ 20 - 25-рэ хуэдизкIэ щIыIапIэм щагъэтщ.

ИтIанэ лы Iыхьэхэр я кIыхьыпIэмкIэ дзасэм фIаIури, дэпкIэ ягъажьэ, дзасэр ягъэкIэрахъуэурэ. ЩагъажьэкIэ мэлыщэ гъэвэжа щахуэ, нэхъ тхъуэплъ, дахэ хъун, мэ дахэ къыкIэрихын щхьэкIэ.

Лы жьар дзасэм къыфIахыжри, тепщэчым иралъхьэ. Бжьын цIынэ гуэплъхьэми хъунущ. Яшх пщтыру, пIастэ, мырамысэ хуабэ, чыржын, хьэлIамэ, мэжаджэ, щIакхъуэ докIу.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** лыпцIэу - г 600, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 70, щэ дагъэу - г 30, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

### КIэртIоф пIастэ

КIэртIоф вам псы къыщIэнамэ щIагъэж, шыуаным зэрилъу пщтыр щIыкIэ яуб. Лыхьэжым щIэзыгъэкIи щыIэщ, ауэ абы щыгъуэ витамин С-р мэкIуэд. КIэртIоф пIастэр пщтыру яшх, шатэ Iув, кхъуей, нащэ гъэфIэIуа - щхьэж фIэфIыр - дашх.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** кIэртIоф укъэбзауэ - г 430-рэ зэрагъэвэну псыуэ - г 250-рэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУАЖЭБГЪУ лъэныкъуэмкIэ щата щIапIэхэм куэд дэмыкIыу унэ зыкъизыххэр кърагъэувэри, щIэтIысхьэжащ. АрщхьэкIэ я гъуэгур зыхуей хуагъэзатэкъым. Уэшх мащIэ фIэкIа къримыпхъыхами, укъыдэмыкIыфынри удэмыхьэжыфынри хэлът, апхуэдизкIэ ятIэ хъурти.

Апхуэдэ махуэ гуэрым уэшх къешхарэ уэрамыр ятIэу Мухьэмэд Мухьэдинхэ я дежкIэ еблэгъауэ, унэ зыкъизыхым IущIыхьа шордакъ лъагэм тесу зэдэуэршэрхэрт. Къаплъэхэри, пкъор иIыгъыу лъакъуэ лъэныкъуэмкIэ етхауэ я ныбжьэгъу БетIал къалъэгъуащ.

- Доунэхъу, Мухьэмэд! Тхьэ соIуэ, ди ныбжьэгъужьыр токым иубыдамэ! - кIийуэ къыщылъэтащ Мухьэдин.

ЗэныбжьэгъуитIыр пщIантIэм къыщыдэжым, Мухьэмэд пхъуэри,

● ГушыIэ

## ЯтIэр кIэригъэхурт

блыным кIэрыт бжэгъур къиищтащ, етхауэу пкъор зыIыгъ БетIал бгъэдэлъадэри, и Iэм бжэгъумкIэ еуащ зэрылъэкIкIэ.

Хьэ къугъыр кърищу БетIал и Iэм епхъуэри, етIысэхащ.

- Е зинэкIэ къалъхуа! УкIырарэу уоуэри! Си Iэр зэпыбудащ! УэсщIа мыгъуэр сытыт? Уэ-уэ-у-у-у!

- Токым уиубыдатэкъэ?! Уетхауэрти... - къэгузэвэжауэ жиIащ Мухьэмэд.

- Сыт ток, былым?! Уэ-уэ-у-у-у! Си лъакъуэм кIэрылъ ятIэр кIэрызгъэхуу арат...

**ДУМЭН Мурадин.**

● ЖыIэгъуэхэр

## Лъагъуныгъэр зэи жьы хъуркъым

●Лъагъуныгъэр гъащIитI зэпыщIэщ.
●УкIытэ зымыщIэм Iуэху Iэджи зэIещIэ.
●Ефэгъу зыгъуэтыр ныбжьэгъу хуэныкъуэкъым.
●Лъагъуныгъэр зэи жьы хъуркъым.
●Лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу цIыхур зэштегъэу хуэныкъуэкъым.
●ЦIыху лъагъугъуейр щыгъын дахэкIэ лъагъугъуафIэ пхуэщIыжынукъым.
●Мылъку зи куэд нэхърэ - акъылыфIэ.
●Зэрыгъэпэж ныбжьэгъухэр занщIэу къыбоцIыху - «я псэр зы чысэм илъщ» жыхуаIэм хуэдэу зэдокIуэкI.
●ЦIыхухэр зыгъэщхьэрыуэр зыри зэрамыщIэракъым, атIэ псори ящIэу къазэрыщыхъужырщ.
●Уи бынхэм гъэсэныгъэ тэмэм ептыфамэ, фIыгъуэм я нэхъыщхьэмкIэ уахуэупсащ.
●ЦIыхум фIагъыу хэлъыр къыумыщIауэ, и ныкъусаныгъэхэм утепсэлъыхьын щIумыдзэ.
●ПцIы зыупсу есахэр зэи плъыжь хъуркъым.
●Мастэ къидыгъуу есэри, Iэщ къидыгъуу щIидзащ.
●Жыжьэ щыпсэу уи Iыхьлым нэхърэ, уи гъунэгъу хамэр нэхъыфIщ.
●Къыумылэжьауэ къыпхэхъуэр хьэлэлкъым, абы ущымыгуфIыкI.
●Сымаджэм щыщIэупщIэр хъужа нэужькъым.
●Гугъэм зэи кIэ иIэкъым.
●Зумыпэсу узэлъэпэуар ущыгуфIыкIыу дзапэкIэ къэпщтэжынкIэ хъунущ.

КIУРАШЫН Алий.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Къалэ-лIыхъужь. **6**. ХадэхэкI. **8**. Жыг закъуэ мэз ... **9**. Пасэрей адыгэ хъыбарегъащIэ. **10**. Шым и кIуэкIэ. **11**. АдакъэщIэрэ ... пIастэрэ. **13**. КIыщокъуэ Алим и иужьрей роман. **16**. Езыр-езыру щIым къыщIэж псы къабзэ. **19**. Колхоз тхьэмадэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь ... Хьэсэн. **21**. Ди республикэм и «Спартак» футбол командэм и тренер нэхъыщхьэ ... Заур. **22**. Нартыху гъэлыгъуа хьэжыгъэ. **25**. Яхуэмылажьэ бжьэхъушхуэ. **27**. Зи щхьэгъусэр дунейм ехыжа цIыхубз. **30**. КъурIэн цIыкIу. **31**. Къамылым къыхащIыкI алэрыбгъу, лъэгурыдз. **33**. Къэрмокъуэ Мухьэмэд цIэрыIуэ зыщIа повесть «Щихухэр иджыри ...». **35**. ХакIуитI зэуэ абы щIэзэгъэнукъым. **36**. Адыгэ къэфэкIэ. **38**. Зи пхъэм шыкIэпшынэ къыхащIыкI жыг баринэ дахэ. **39**. ЩIалэ къэзышагъащIэ. **40**. «Гукъыдэж» псалъэм и пIэкIэ ари къагъэсэбэп.

***Къехыу:*** **1**. ГуфIэгъуэ Iэнэм бысым нэхъыжьым щхьэкIэ тралъхьэ лы Iыхьэ. **2**. Нартхэм я гъукIэ. **3**. МыIэрысэ ... . Е плъыжьыфэ. **4**. Налохэ Ахьмэдхъанрэ Зауррэ а псым и Iуфэм я сабиигъуэр щагъэкIуащ. **5**. Къуаншагъэ зылэжьа, суд Iуэху ящIа цIыху. **7**. Малъхъэрэ ... **12**. КIапсэ къызыхах къэкIыгъэ. **14**. Iэщ цIыкIу. **15**. Лъагэу зэтекIута гуэр. **17**. Къэнжал хьэку цIыкIу. **18**. ХьэщIэ лъапIэм хуаукI Iэщым апхуэдэу йоджэ. **20**. Япэ классым кIуэ цIыкIухэм ...-еджэкIэ ирагъащIэ. **21**. Игъуэ нэмысу зыкъэзыгъэша нащэ теплъэншэ. **23**. Хьэлу ... е хьэлыуэ ... **24**. ... хэтIасэмэ, пхуэгъэхъужыркъым. **26**. ... тесу псым йопыдж. **28**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **29**. Гъэмахуэм Iэщым я фэр изых бадзэжь. **30**. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта ... Борис. **32**. Нэм ику дыдэм зэреджэр. **33**. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъу адыгэ композитор. **34**. ЗекIуэ ежьа шу гупым иужь ит шууей. **35**. Шым и фэ, и теплъэ. **37**. Щыгъын.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Гъатхэпэм и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Сэмб. **3**. АкIэ. **5**. Нэгъуд. **7**. Былымаблэ. **8**. Напэ. **9**. Бжьы. **10**. Тхуей. **13**. Танэ. **14**. Лъэгъуп. **17**. Тхъурыжь. **18**. Мы. **19**. Гур. **20**. Мыкъуэжь. **22**. Щытхъу. **23**. Сурэ. **25**. Джэду. **27**. Пхъужь. **28**. Лъэмб. **30**. ХьэмцIыракIэ. **31**. Саут. **32**. Шхуэ. **33**. Нэпкъ.

***Къехыу:*** **1**. Сабын. **2**. Бзыгъэ. **4**. КIэмажьэ. **5**. Налкъут. **6**. Дарий. **11**. Инат. **12**. Фэбжь. **13**. Тхьэмпищ. **15**. Псырылъэ. **16**. Къурыкъуу. **20**. Матэ. **21**. Жьауэ. **24**. Пхъурылъху. **25**. Джэлэс. **26**. УнэIут. **28**. ЛъэкIэн. **29**. Бэракъ.

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+
«Издательство «Южный регион»ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 2.099 ●Заказ №659